# Нобэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№63 (24.345) ● 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 1, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ●

## НасыпыфIэу фыпсэу!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Сабийхэм я дунейпсо махуэмкIэ сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу!

Ди гъащIэм и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэр ди щIэблэрщ, абыхэм сабиигъуэ насыпыфIэ яIэныр къахузэгъэпэщыныр къэрал политикэм щыпэрыт Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэщ. Иужьрей илъэсхэм сабийм зиужьыным, абы и зэфIэкIым зыкъызэкъуихыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэ куэд идогъэкIуэкI. Ахэр хуэунэтIащ гъащIэм езыхэм я гъуэгу къыщагъуэтыжыным, пщIэрэ щIыхьрэ зиIэ цIыхуу къэхъуным. Абы папщIэ иджырей сабий садхэр, школхэр доухуэ, ныбжьыщIэхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ щIыпIэхэр къагъэщIэрэщIэж, социально-щэнхабзэ, спорт IуэхущIапIэхэм къахыдогъахъуэ, сабийхэмрэ унагъуэхэмрэ ягъуэт дэIэпыкъуныгъэр идогъэфIакIуэ.

Къэралым абыхэм зэрызащIигъакъуэ Iэмалхэр зэмылIэужьыгъуэми, гъунэншэми, дэ, балигъхэм, куэдкIэ дэлъытащ ди сабийхэр зэрыхъунур. Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ сабийхэм зи гъащIэр тыхь яхуэзыщIахэм - адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, социальнэ, медицинэ лэжьакIуэхэм, жэуаплыныгъэ яхэлъу, хьэлэлу я лэжьыгъэр зэрырахьэкIым папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, насыпыфIэу фыпсэуну!

*КъБР-м и Iэтащхьэ* **КIУЭКIУЭ Казбек.**

## ГъащIэм и фIыгъуэ, дыщэр зэфыгъуэ

**Нобэрей махуэр, гъэмахуэм и пэщIэдзэр, сабийуэ дунейм тетым нэхъыфI дыдэу ялъагъухэм, зыпэплъэхэм ящыщщ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къалъытэ цIыкIухэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм щыщIидзэмрэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр щагъэлъапIэмрэ зэрызэтехуэр.**

ЛЪЭПКЪ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) сабийхэр хъумэным теухуа унафэ щхьэхуэ къищтауэ щытащ 1950 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 1-м. А махуэшхуэр убзыхунымкIэ япэу жэрдэм къыхэзылъхьар ЦIыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэращ. IуэхугъуэщIэр диIыгъащ ООН-м икIи унафэ ищIащ сабийхэм я хуитыныгъэхэр, я узыншагъэр, уеблэмэ я гъащIэр хъумэным гулъытэ хуащIын хуейуэ. Езы дунейпсо зэгухьэныгъэми зэфIих лэжьыгъэ псоми ящыщу сабийхэм ехьэлIахэр япэ игъэщыпхъэу къилъытащ.

Сабийм иIэ хуитыныгъэхэмкIэ декларацэ, иужькIэ, 1979 гъэм, Конвенцэ щхьэхуэ къищтащ ООН-м. Ахэр хуэунэтIат ЩIы хъурейм щыпсэу ныбжьыщIэ псоми я Iуэхур хэпщIыкIыу ефIэкIуэным. А дэфтэрхэр ди къэралым къыщилъытар илъэс 11 дэкIа нэужьщ. Нобэ а IэнатIэр шэщIауэ щолажьэ УФ-м, къэралым и Президентым, абы Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Львовэ-Беловэ Марие сымэ я кIэлъыплъыныгъэ ткIийм щIэту.

Ди къэралым иужьрей зэманым сабийхэмрэ сабиигъуэр хъумэнымкIэ, зэфIэкI зыбгъэдэлъхэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ къыщащтэ программэхэм я бжыгъэм хохъуэ. Абыхэм къызэщIаубыдэ Iуэхухэр куэд мэхъу: сабий садхэм я Iуэхутхьэбзэхэм хуэныкъуэ псоми ар къагъэсэбэпыфыну Iэмал етыныр, курыт еджапIэхэм етIуанэ, ещанэ зэблэкIыгъуэхэр щымыгъэIэныр, щытыкIэ гугъу ихуа унагъуэхэм щапI сабийхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм хэхауэ защIэгъэкъуэныр, нэгъуэщIхэри. А псори къалъытэ УФ-м и унафэщIхэм икIи къытщIэхъуэ щIэблэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къэрал мыхьэнэ зиIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу ягъэув.



adyghe@mail.ru adyghepsale.ru apkbr.ru smikbr.ru adyghepsale Адыгэ Псалъэ





# Хъуэпсапӏэхэр нахуапӏэ мэхъу

**Урысейм и щӏыналъэхэм ящыщу социальнэ туризмэмкӏэ программэр зыгъэзащӏэ хэгъэгу зыбжанэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрри. Ар хуэунэтӏащ сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм я нэӏэм щӏэмыту къэнахэм, апхуэдэуи балигъыпӏэ имыувахэм я ӏуэхухэмкӏэ щыӏэ комиссэм и учётым щытхэу зи ныбжьыр илъэси 7-м щегъэжьауэ 14-м нэсхэм нэгузегъэужь ӏуэхугъуэхэр, зыплъыхьакӏуэхэр къахуэзэгъэпэщыным.**



МЫ махуэхэм социальнэ туризмэм и программэмкӏэ Налшык къэрагъэблэгъащ Шэджэм, ӏуащхьэмахуэ районхэм щыщ сабий 28-рэ. Абыхэм къалэм зыщрагъэплъыхьащ, КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэми яшащ, Хьэтӏохъущокъуэм и жыг хадэм я нэгу зыщрагъэужьащ.

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлӏэу ягъэзащӏэ проектым Налшык дэт аттракционхэм я паркри къыхыхьащ. Абы и лэжьакӏуэхэм цӏыкӏухэм я хъуэпсапӏэхэр нахуапӏэ хуащӏу, щхьэж зыхуей хъыринэ зэмылӏэужьыгъуэхэм пщӏэншэу ирагъэсащ, апхуэдэуи паркым ит шхапӏэхэм ерыскъы щӏэщыгъуэхэмкӏэ шэджагъуашхэ щрагъэщӏащ.

Мыпхуэдэ псапащӏэ ӏуэхухэр социальнэ проектым хэту «Путешествие» туроператорым иджы ебгъуанэу къызэрегъэпэщ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# ӏэнатӏэр ирагъэфӏакӏуэ

**ӏуащхьэмахуэ районым хыхьэ Эльбрус жылагъуэм сымаджэщыщӏэ яӏэнущ. ӏуащхьэмахуэ лъапэ зыгъэпсэхуакӏуэ къакӏуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр къэплъытэмэ, щӏыналъэм иджырей медицинэ ӏуэхущӏапӏэ щыухуэным мыхьэнэшхуэ иӏэщ. Гъэмахуэ лъэхъэнэм аллергие зиӏэ сымаджэхэм зыхуэныкъуэ дэӏэпыкъуныгъэр абы щагъуэтынущ, лыжэкӏэ бгым къыщежэх лъэхъэнэм ӏуэхущӏапӏэм хэтыну травматологие къудамэри лэжьыгъэншэ хъуну къыщӏэкӏынкъым.**

УХУЭНЫГЪЭМ и проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкӏэ, сымаджэщыр и инагъкӏэ метр зэбгъузэнатӏэ 500-м щӏигъуу щытынущ, сыт и лъэныкъуэкӏи зыхуеину ӏэмэпсымэхэмкӏэ къызэрагъэпэщынущ. Къызэрагъэлъэгъуамкӏэ, абы щылэжьэнущ медицинэ и унэтӏыныгъэ зэмылӏэужьыгъуэхэмкӏэ ӏэщӏагъэлӏ 20-м нэблагъэ.

Проектым зэхъуэкӏыныгъэ гуэрхэр хагъэхьэжыну мы зэманым хоплъэж. Абы къыдэкӏуэу лэжьыгъэм зэрыщӏадзэнум зыхуагъэхьэзыр.

«Иджыпсту щыӏэ политикэ щытыкӏэр ӏуэхум зыкӏи зэран хуэхъунукъым, ухуэныгъэр, нэхъапэкӏэ зэрыдубзыхуам тету, 2023 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм ирихьэлӏэу хьэзыр тщӏыну ди мурадщ», - жиӏащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупӏэ-коммунальнэ хозяйствэмкӏэ и министр Бэрбэч Алим.

Эльбрус жылагъуэм дэт сымаджэщым медицинэ дэӏэпыкъуныгъэхэр щыхуащӏэ Нейтринэ, Эльбрус, Тегенекли, Байдаевэ, Терскол къуажэхэм щыпсэухэм, апхуэдэуи Чегет, Азау хуейхэм я щыналъэхэм щыӏэ цӏыхухэм. Абы лэжьыгъэр щызэтримыхьэнымкӏи ӏуэхутхьэбзэхэм я фӏагъым хэхъуэнымкӏи «КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкӏэ и ӏэнатӏэм цӏыхухэм япэ дэӏэпыкъуныгъэхэр щыхуащӏэ и ӏуэхущӏапӏэхэр къэгъэщӏэрэщӏэжын» щӏыналъэ проектымкӏэ ирагъэкӏуэкӏ ухуэныгъэщӏэр, шэч хэмылъу, щхьэпэ хъунущ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩӏ Изэ.**

# Дунейм щыхъыбархэр

## Зэхъуэкӏыныгъэхэр къыпоплъэ

**УФ-м цӏыхухэм щӏэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкӏэ и министр Фальков Валерий иджыблагъэ жиӏащ Болонскэ егъэджэкӏэм къытекӏыжыну Урысейм зэримурадыр.**

Европэм и еджапӏэ нэхъыщхьэхэр зытет а мардэр ди къэралым 2003 гъэм къищтауэ щытащ. Абы и купщӏэр мыращ: студентхэм щӏэныгъэр ӏыхьитӏу зэщхьэщыхауэ ирагъэгъуэт - бакалавриатыр илъэсиплӏым къаух, адэкӏи еджэну хуейр магистратурэм щӏотӏысхьэжри, и еджэным иджыри илъэситӏкӏэ пещэ. А щыкӏэр ди деж къыщезэгъкъыщемызэгъым теухуа псалъэмакъыр ар къызэрыхалъхьэрэ зэпыуауэ пхужыӏэнукъым икӏи зэманым къигъэлъэгъуащ ди къэралым лъабжьэ быдэ зэрыщимыгъуэтар. Абы къыщӏытекӏыжым и щхьэусыгъуэри аращ – щӏалэгъуалэм ящыщ куэд магистратурэм щӏэтӏысхьэркъым, илъэсиплӏкӏэ еджа нэужь икӏи щӏэныгъэ нэс ямыгъуэтауэ лэжьэн щӏадзэ. Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкӏэ, къэралыр зэрыщыту къапщтэмэ, и цӏыхухэм щӏэныгъэ нэхъыщхьэ тэмэму ямыгъуэтауэ къыщӏидзащ.

Болонскэ егъэджэкӏэм къытекӏмэ, сыт хуэдэ мардэкӏэ вузхэр зэрылэжьэнур? А упщӏэрщ нэхъыщхьэу мы зэманым къэувар. Абыи жэуап иритащ Фальковым. Системэм занщӏэу къытекӏынукъым, атӏэ къэралым езым и егъэджэкӏэ хэха зэхалъхьэнурэ, хуэм-хуэмурэ хуэкӏуэнущ. Аращи, ӏэнатӏэм зэхъуэкӏыныгъэшхуэхэр къыпоплъэ.

## Мардэхэр ӏуахыж

**Кипрым и министрхэм я кабинетым унафэ къищтащ я деж зыплъыхьакӏуэ кӏуэхэм хуагъэуву щыта мардэхэр ӏуахыжыным теухуауэ.**

Коронавирусым зыщыхъумэным хуэгъэпса хабзэхэр - вакцинэр зэрызыхрагъэлъхьам и сертификатыр, узыфэр зэрапкърыкӏам теухуа щыхьэт тхылъыр, ПЦР-къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуахэр - яӏэн хуеижкъым хьэщӏэхэм. Мэкъуауэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ аэропортхэри къэралым и къхухь тедзапӏэхэри хуит ящӏащ цӏыхухэм ахэр памыубыдыну.

Къызэрыхагъэщамкӏэ, унафэм и лъабжьэр узыфэ зэрыцӏалэм епха щытыкӏэр нэхъыфӏ зэрыхъужарщ, ауэ, даи, абы и закъуэкъым. Мардэхэм ӏуагъэщта туристхэр къешэлӏэжынми, апхуэдэ щыкӏэкӏи ӏэнатӏэм зегъэужьыжынми мыхьэнэшхуэ иӏэщ къэралым и экономикэм дежкӏэ.

## Нобэ

- ♦ **Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
- ♦ **Адэ-анэм я дунейпсо махуэщ**
- ♦ **Шэм и дунейпсо махуэщ**
- ♦ **Къэжыхьыным и дунейпсо махуэщ**
- ♦ **1921 гъэм** «Красная Кабарда» газетым и япэ номерыр къыдэкӏащ.
- ♦ **1936 гъэм** къалъхуащ биологие щӏэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩӏДАА-м и академик **Шортэн Тамарэ**.
- ♦ **1952 гъэм** къалъхуащ культурологием и кандидат, профессор, КъБР-м егъэджэныгъэмкӏэ щӏыхь зиӏэ и лэжьакӏуэ, публицист **Щауэцӏыкӏу Людмилэ**.
- ♦ **1979 гъэм** къалъхуащ Израилым щыпсэу жылагъуэ лэжьакӏуэ, Кфар-Камэ къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Зэчрей**.

**Дунейм и щытыкӏэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкӏэ, Налшык пшэр техьэ-текӏыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 – 29-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКӏЭМЫХЪУ Маринэщ.**

# Зыхуэбгъэдэн щымыӏэ жыг

## Илъэсищ дэкӏмэ, Урысейм щыщӏахунущ зейтун (оливэ) дагъэ къабзэ

2019 гъэм Къырымым и федеральнэ университетым и щӏэныгъэлӏхэм Форос щыхасауэ щытащ зейтун жыг сатырхэр. А щӏыпӏэм и дуней щытыкӏэм хьарзынэу езэгъри, абыхэм къапыкӏащ икӏи литр 15 дагъэ къабзэу щӏахужащ. Зыри зыпэмыплъа апхуэдэ ехъулӏэныгъэм и ужькӏэ ахэр тегушхуэри, гектар зи инагъ хуабэщым жыгыу 1 миным нэблагъэ щыхасащ. Иджы мэгугъэхэр Къырымым и щӏэныгъэлӏхэм я фӏыгъэкӏэ зэтеубла хъуа ӏуэху щхьэпэм гъуэгу игъуэтыну; хущхъуэгъуэ ин зыхэлъ икӏи дэни щызэпэубыда зейтун дагъэм и къыщӏэгъэкӏыныр ди къэралым зэман кӏэщӏым къриубыдэу щызэтраублэнущ.

Цӏыхум я узыншагъэр хъумэнымкӏэ Гарвард школым и щӏэныгъэлӏхэм къагъэсэбэпащ зейтун дагъэм и сэбэпынагъым теухуауэ США-м и щӏэныгъэлӏхэм иужьрей илъэс 30-м ирагъэкӏуэкӏа къэпщытэныгъэхэм я щэху куэдыр. А зэманым къриубыдэу цӏыху мини 100-м я узыншагъэм кӏэлъыплъащ икӏи, псом нэхъ гъэщӏэгъуэну, а гъэунэхуныгъэхэр нэхъыбэу зыдрагъэкӏуэкӏар медицинэм и лэжьакӏуэхэрщ. Къызэрыщӏэкӏамкӏэ, махуэ къэс зейтун дагъэу грамми 7 нэхъ мыхъуми зыӏухуэ цӏыхум лышх узыфэм процент 17-кӏэ, гу-лъынтхуэ узыфэхэм - 19-кӏэ, щӏыӏэ узхэм - 18-кӏэ къыпакӏухьынущ. Апхуэдэу и сэбэпышхуэщ Альцгеймер и узкӏэ зэджэм, зи лъынтхуэр мыщӏагъуэжхэм, зи лъыр дэуейм, фошыгъу узым пэщӏэтхэм дежкӏэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, дагъэр зи купщӏэм къыхах пхъэщхьэмыщхьэу дуней псом тетыр зейтуным зэризакъуэр. Адрей дагъэ лӏэужьыгъуэу щыӏэр кэкӏыгъэхэм я купкъым е я лъэдийм къыхах. Мы жыг телъыджэм хущхъуэгъуэ зыхэлъу иӏэр къыпыкӏым и закъуэкъым, и тхьэмпэ къудейм къыщӏэвыкӏ шейр щӏыӏэ узым и хущхъуэ ибупрофеным и миллиграмми 100-м пэкӏуэ, дыгъэм и ультрафиолет бзий шынагъуэм ущехъумэ. Псори къэгъэнауэ, тхъуцӏынэ, маргарин, майонез ерыскъыхэкӏхэм я проценти 10 къудейр зейтун дагъэмкӏэ зэпхъуэкӏмэ, цӏыхур зэрылӏыкӏынкӏэ хъуну узыфэ зэмылӏэужьыгъуэхэм проценти 8 - 34-кӏэ щехъумэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

Лъэпкъ ӏущыгъэ:

**Уи гур зыхуеӏэм уи ӏэр лъоӏэс.**

Къэрал гулъытэ • Щапхъэ • Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ



# Лэжьыгъэ псоми япэ игъэщыпхъэ

**Сабиигъуэр хъумэным ди къэралым хуищI гулъытэм илъэс къэс хохъуэ. ДяпэкIи абы зэрызиужьынум шэч хэлъкъым.**

2007 ГЪЭ лъандэрэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми щолажьэ «Анэм и мылъку» программэ хэхар. Анэхэм хухах мылъкур, сом мин 250-у къежьа дэIэпыкъуныгъэу сабий етIуанэ (ещанэ...) зыгъуэт анэм иратым хэхъуэ зэпытщ. Щыпэлъхум ирату 2022 гъэм ягъэува сом мин 524,5-р къэзымыгъэсэбэпа анэм, унагъуэм етIуанэ сабий ягъуэтмэ, сом мин 693,1-рэ ират. А мылъкур гъэ къэс зэрыхъунур щIэрыщIэу къабжыж, къэралым ахъшэр пуд зэрыщыхъум елъытауэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, УФ-м и Къэрал Советым и Президиумым и зэхуэсу иджыблагъэ, накъыгъэм и 25-м, Москва щекIуэкIам ди хэкум и Президент Путин Владимир щыжиIащ нобэ, мэкъуауэгъуэм и 1-м, къыщыщIэдзауэ анэ мылъкум проценти 10-кIэ зэрыхэхъуэнур, щыIэ инфляцэм тещIыхьауэ.

Унагъуэхэм хуащI къэрал гулъытэм УФ-м и Президентыр нэхъапэIуэкIэ щытепсэлъыхьащ ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу абы иригъэкIуэкIа зэхуэсхэм ящыщ зым. Абы зэрыжиIамкIэ, хэхъуэшхуэ зимыIэ, щытыкIэ гугъум ит унагъуэхэм быныр пIынымкIэ дяпэкIи ядэIэпыкъунущ. Унагъуэм, сабийхэм защIэгъэкъуэным хуагъэпсауэ щыта унафэхэм ириплъэжри, зи ныбжьыр илъэси 8-м къыщыщIэдзауэ илъэс 16-м къриубыдэ ныбжьыщIэхэм ахъшэ хэхахэр хуаутIыпщащ. ГъащIэм щытыкIэ гугъум иригъэува унагъуэхэм щапI сабийхэм апхуэдэ ахъшэр накъыгъэ мазэм яIэрыхьакIэщ, мэлыжьыхьым хуэзэри щIыгъуу.

Апхуэдэ къэрал дэIэпыкъуныгъэхэм хэпщIыкIыу ирагъэфIакIуэ щIыналъэхэм щыщыIэ демографие щытыкIэр, сабий зэзыгъэгъуэтыну хуей унагъуэхэри абы нэхъри трегъэгушхуэ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм мы зэманым щолажьэ бын зиIэ унагъуэхэм социальнэу ядэIэпыкъуным хуэгъэпса программэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ, къапщтэмэ, сабийхэм зэтыгъуэу е мазэ къэс ират пособиехэр, гъэсапIэхэм екIуалIэ цIыкIухэм папщIэ ят пщIэм щыщ процент бжыгъэ адэ-анэхэм зэрыхуагъэкIуэжыр, бын куэд зыпI унагъуэшхуэхэм псэупIэ Iуэхутхьэбзэхэм щIат пщIэм и Iыхьэ гуэрым къызэригъэзэжыр, республикэм и сабий гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм пщIэншэу бынхэр зэрыщагъэIэфыр, нэгъуэщIхэри. А Iуэхугъуэхэр зэфIэха зэрыхъум набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ КъБР-м Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Лъынэ Светланэ.

Дэтхэнэ къэралми и зэIузэпэщыныгъэр псом япэу къызэралъытэр абы сабийм, анэм, унагъуэм щаIэ пщIэрщ, гулъытэрщ. А IэнатIэхэр нэхъри ефIэкIуэну, сабийхэм яхуэгъэза къэрал гулъытэр нэхъыбэж хъуну дыщогугъ. Я бын цIыкIухэр, насып щыгъэу Тхьэр къазэрыхуэупса фIыгъуэр, гъэсэныгъэ екIу зыхэлъ цIыху нэсу жылагъуэм хэгъэхьэныр къапэщылъ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр дэтхэнэ адэ-анэми хьэкъыу пхыкIауэ щытыпхъэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# КъэкIуэнур зей щIэблэм я унэтIакIуэ

**Гъэсэныгъэ IэнатIэм и лэжьакIуэ Iэзэхэр белджылы къэщIыныр, абыхэм я пщIэр къэIэтыныр, ябгъэдэлъ Iуэху зехьэкIэ пэрытым жылагъуэр щыгъуазэ хуэщIыныр зи къалэн нэхъыщхьэхэм хыхьэ Iуэхугъуэщ «Илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфI» къэралпсо зэпеуэр. Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ къызэрагъэпэщ хабзэ зэхьэзэхуэ хьэлэмэтым и щIыналъэпсо зэхыхьэр иджыблагъэ щызэхашащ ди республикэм и къалащхьэ Налшык.**



КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым хыхьэ районхэм, къалэхэм щылажьэ сабий садхэм нэхъыфIу къыщалъыта гъэсакIуэ пщыкIущ зыхэта зэпеуэр гъэщIэгъуэну, купщIафIэу екIуэкIащ. УнэтIыныгъэ зыбжанэкIэ зэпеуа лэжьакIуэ пашэхэм наIуэ къащIащ я Iуэху зехьэкIэр, гъэсэныгъэм нэхъыщхьэу къыщалъытэр яубзыхуащ, сабий гупым драгъэкIуэкI хабзэ дерс гъэщIэгъуэнхэм къэпщытакIуэхэр щыгъуазэ ящIащ. Республикэпсо зэпеуэм хэт гъэсакIуэхэм сабий гуп мыцIыхухэм драгъэкIуэкIыфащ дерс хьэлэмэтхэр, цIыкIухэр къыдахьэхыу ягъэлэжьэн щхьэкIэ, Iуэхум бгъэдыхьэкIэ гъэщIэгъуэнхэр халъхьэу, методикэ хьэлэмэтхэр къагъэсэбэпу.

Зэпеуэр зэрекIуэкIамрэ абы гъэсакIуэхэм къыщагъэлъэгъуа зэфIэкIхэмрэ набдзэгубдзаплъэу якIэлъыплъащ абы къыхузэрагъэпэща къэпщытакIуэ гупыр. Абы хэтащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэр, республикэм и гъэсакIуэ пашэхэр, сабий сад нэхъыфIхэм я методистхэр. «Си IэщIагъэмрэ ехъулIэныгъэм сыхуэзышэ си проектымрэ», «Сабийхэм лэжьыгъэ зэрадезгъэкIуэкI мардэхэр», «Мастер-классхэр», нэгъуэщI унэтIыныгъэхэри къызэщIиубыдэу екIуэкIа зэпеуэм хэта гъэсакIуэхэм Iуэху зехьэкIэфIхэр ябгъэдэлъу къалъытащ а гупым хэтхэм. Апхуэдиз гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэхэм къэпщытакIуэхэм къыхагъэбелджылыкIащ, фIым я фIыжу къыхагъэщащ икIи «Илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфI-2022» къэралпсо зэпеуэм и щIыналъэпсо Iыхьэм щытекIуауэ къалъытащ Щомахуэ Каринэ. Бгъэдэлъ Iуэху зехьэкIэкIэ пашэныгъэр зыхуагъэфэща Щомахуэр ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт прогимназием и гъэсакIуэ-логопедщ.

ТекIуэныгъэр зыхуагъэфэща Щомахуэ Каринэ сабийхэм илъэс зыбжанэ лъандэрэ ядолажьэ, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу. Абы и гъуэгугъэлъагъуэщ «СхуэщIынукъым жумыIэ - зезгъэсэнщ жыIэ!» къыхуеджэныгъэр.

- Сабийхэм нэсу уадэлэжьэфын папщIэ, уэ езым уи зэфIэкIым, щIэныгъэм хэбгъахъуэ зэпыту ущытын хуейщ. Уи лэжьыгъэм къит хъерым ущыгуфIыкIыжу, къомыхъулIaIaмэ, адэкIи уи мурадым ерыщу ухуэкIуапхъэщ, - жеIэ Каринэ. - ГъэсакIуэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дэтхэнэ сабийми игурэ и щхьэрэ зэтелъу зыкъригъэлъытэжыну, гушхуауэ къигъэхъуну, хэлъ фIым адэкIи зригъэужьыну, ар ехъулIэныгъэм хуишэну. Сабийращ ди гъащIэм и купщIэр, дунейм и фIыгъуэр, къэкIуэнур зейр.

Къыдэлажьэхэм зэрыжаIэмкIэ, Щомахуэ Каринэ зыпэрыт IэнатIэр езыгъэфIакIуэ, Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэмрэ жэрдэмыщIэхэмрэ дапщэщи зи куэд гъэсакIуэ нэсщ.

Апхуэдэ зэфIэкI лъагэхэр зыбгъэдэлъ, зи IэщIагъэм хуэIэижь гъэсакIуэм дзыхь хуащIащ «Илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфI-2022» къэралпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм хэтыну. Щомахуэ Каринэ дохъуэхъу урысейпсо утыкуми ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр екIуу щихъумэну.

**КЪАРДЭН Маритэ.**



# Нэгузыужьу, гукъинэжу

**ЦIыкIухэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыным мы лъэхъэнэм дэнэкIи гулъытэшхуэ щрат. БлэкIа илъэситIым а унэтIыныгъэм хуиту зрагъэужьыну Iэмалышхуэхэр щыIакъым, коронавирус уз зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм дэнэкIи зыщиубгъуауэ зэрыщытам къыхэкIыу. Ноби а Iуэхум теухуауэ сакъыныгъэ зыхэгъэлъын, санитар мардэхэр, къабзагъэм и хабзэхэр нэхъ набдзэгубдзаплъэу гъэзэщIэн зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ. Апхуэдэу щытми, зыгъэпсэхугъуэр екIуу къызэгъэпэщыным йолIалIэ ар зи пщэрылъ IэнатIэхэм я IэщIагъэлIхэр.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и санаторэхэмрэ сабий лагерхэмрэ гъэмахуэ лъэхъэнэм къриубыдэу зыщагъэпсэхунущ, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэнущ ныбжьыщIэ мини 7-м щIигъум. А IуэхущIапIэхэр къапэщылъ лэжьыгъэм зэрыхуэхьэзырыр мэлыжьыхь мазэм икухэм къыщыщIэдзауэ накъыгъэри хиубыдэу къапщытащ абы къыхузэрагъэпэща комиссэ гупхэм. Нэгъабэрэ абы ипэ ита илъэсымрэ абыхэм екIуэлIэфар щыIэфыну сабийхэм я процент 60-м щIигъур арамэ, мы гъэм зыгъэпсэхупIэхэм куэдкIэ нэхъыбэ щыIэну хуагъэфащэ.

ЦIыкIухэм я зыгъэпсэхугъуэм тещIыхьауэ егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ IэнатIэхэм программэ хэхахэр яубзыхуакIэщ. Абыхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, щIыпIэ школхэм къыщызэIуахынущ махуэрылажьэ лагерхэр. Абы зыщагъэпсэхунущ зи ныбжьыр илъэси 7 - 15-хэм итхэм. Апхуэдэу егъэджэныгъэмкIэ IэнатIэм ярит тхылъхэм япкъ иткIэ, сабий куэдым я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэнущ нэгъуэщI лагерь зэмылIэужьыгъуэхэм, санаторэхэм. Зи адэ-анэхэр лэжьапIэ IэнатIэ Iумыт, бынунагъуэшхуэхэм, зи Iуэху хуэмыщIа унагъуэхэм къахэкIа сабийхэм, адэ-анэм я нэIэм щIэмытхэм, сабий зеиншэхэм апхуэдэ тхылъхэр пщIэншэу иратынущ.

Псори зэхэту къапщтэмэ, мы гъэмахуэм сабийхэм папщIэ лэжьэнущ санаторэрэ лагеру 40-м щIигъу. Абыхэм яхэтщ курыт школхэм къыщызэIуахыну махуэрылажьэ лагерхэри. НыбжьыщIэхэм я зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыным хуаутIыпщащ сом мелуан 200-м нэс. А мылъкум щыщу сабий къэс зы жэщ-махуэм ику иту текIуэдэнущ сом 400, школ лагерхэм щыIэнухэм - сом 200 дэтхэнэми хуэзэу.

Лагерхэм сабийхэм махуэхэр щрахьэкIынущ купщIафIэу, Iуэху хьэлэмэтхэмрэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIауэ. Абыхэм яхуэкIуэнущ ди республикэм и артистхэр, сабийхэм ядэлажьэ нэгъуэщI IэщIагъэлIхэр. НыбжьыщIэхэм папщIэ къызэрагъэпэщынущ щэнхабзэ зэхыхьэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, нэгузегъэужь программэхэри щыIэнущ. КъытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу къэгъэтэджыным хуэщIа проектыщIэхэри сабий зыгъэпсэхупIэхэм щылэжьэнущ мы гъэмахуэм.

Апхуэдэу сабий санаторэхэм, лагерхэм хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къыщызэгъэпэщын я лъэныкъуэкIэ Iуэхур тэрэзу щытынущ.

А псори зыхуэунэтIар лагерым щыIэ дэтхэнэ сабийми и нэгу зиужьауэ, и узыншагъэр иригъэфIэкIуауэ, ди щIыуэпсым епха гукъэкIыж дахэхэр и куэду и унэ екIуэлIэжынырщ, я къарурэ зэфIэкIрэ хэхъуауэ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

Зэхуэс

# Кадетхэм я япэ зэхыхьэшхуэ

**Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №33-м щекIуэкIащ «Уи хъуэпсапIэр къохъулIэнущ» республикэ кадет зэхуэс.**

АБЫ ХЭТАЩ Совет Союзым и ЛIыхъужь Калюжный Николай и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №7-м и кадет классхэм щеджэхэр, Бахъсэн къалэм щыIэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №2-м, Май районым хыхьэ Ново-Ивановскэ къуажэм и лицей №7-м, Козуб Шурэ и цIэр зезыхьэм, Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №6-м и ныбжьыщIэхэр, апхуэдэуи кадет школ-интернатхэу Бахъсэн районым и ХьэтIохъущыкъуей къуажэм щыIэ, Дыкъынэ Замир и цIэр зезыхьэ еджапIэ №1-м, Шэрэдж районым и Бабугент къуажэм дэт еджапIэ №2-м, Депуев Хьэким и цIэр зезыхьэм, Тэрч къалэм щыIэ курыт школ №3-м, Налшык и курыт еджапIэ №33-м и 5 - 11-нэ классхэм щIэсхэр.

Iуэхур екIуэкIащ республикэ МВД-м и жэрдэмкIэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыдиIыгъри.

Форумым и хьэщIэ лъапIэхэт къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий, КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь Тату Къазбэч, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщIэтынымкIэ и министр Къуэшрокъуэ Залым, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис, республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, щэнхабзэмрэ спортымрэ я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, КъБР-м и МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым я лIыкIуэхэр, щIэныгъэ лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэр щекIуэкIым абы и къызэгъэпэщакIуэхэм къыхагъэщащ Iуэхум и мыхьэнэ нэхъыщхьэхэр. Ар, псом япэу, къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэнырщ, еджэнымрэ зыужьыныгъэмрэ дегъэхьэхынырщ, школакIуэхэр щэнхабзэм хуэущииныр щ, нэгъуэщI куэдми ехьэлIащ.

Къызэхуэсахэм захуигъэзащ полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий. Абы къыхигъэщащ къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи лъэпкъ шынагъуэншагъэм и купщIэу зэрыщытыр, «Школа правового воспитания «Правовая Республика» проектыр зэрыпхагъэкIыр, республикэм и школакIуэхэм ар къызэрыдаIыгъыр. Иужьрей илъэсищым абы къыхыхьащ сабий мин 15-м щIигъу. Министрым къызэрыхигъэщащи, нэхъыжьхэм я къалэнщ ныбжьыщIэр дэзыхьэх, абы фIэгъэщIэгъуэн икIи и гъащIэр зыпищIэну и мурадыр къигъуэтынымкIэ дэIэпыкъуныр.

- Фи хъуэпсапIэхэм фыщымышынэ, фIэщхъуныгъэ фхэлъмэ, ахэр зэвгъэхъулIэфынущ. ИпэжыпIэкIэ нобэрей Iуэхум и жэрдэмщIакIуэхэр сабийхэрщ - Совет Союзым и ЛIыхъужь Калюжный Николай и цIэр зезыхьэ школым иIэ, полицэм и кадет класситIым я еджакIуэхэрщ, республикэм и адрей кадет школхэмрэ кадет классхэмрэ щеджэхэм яхуэзэну гупыж зыщIахэрщ, - къыхигъэщащ Павлов Василий.

Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ советым и секретарым захуигъэзащ ныбжьыщIэхэм.

- Фэращ ди къэкIуэнур, фэ ди къэралым зевгъэужьынущ икIи зыщывмыгъэгъупщэ, зыхуэвгъэувыжа мурадхэм фалъэIэсын папщIэ абы фыхуэпэбгъэн хуейщ. ФыкIуатэ ипэкIи, фи мурадхэр къывэхъулIэнщ, - жиIащ Тату Къазбэч.

Апхуэдэуи къызэхуэсахэм захуагъэзащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэ Зумакулов Борис, КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм и унафэщI Багъэтыр Олег, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн, Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм и къызэгъэпэщыныгъэ-кIэлъыплъакIуэ къудамэм и инспектор Ульяновэ Иринэ, республикэм и хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Пыхъ МуIэед, Урысейм шабзэкIэ уэн спорт лIэужьыгъуэмкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Урысейм атлетикэ хьэлъэмкIэ спортым и мастер, Паралимп джэгухэм домбеягъ медалыр къыщызыхьа Крутовэ Еленэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист Текуев Амур сымэ.

АдэкIэ кадетхэмрэ «Школа правового воспитания «Правовая Республика» проектым хэтахэм, еджэныгъэ, физкультурэ, спорт, жылагъуэ, щIэныгъэ, щIэныгъэ-техникэ, творческэ, инновацэ лэжьыгъэхэм гъэ еджэгъуэм къриубыдэу къыщыхэжаныкIахэм иратащ КъБР-м щыIэ МВД-м и щIыхь тхылъхэр, КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм и щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ.

Еджэныгъэм ехъулIэныгъэ щызиIэ, гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъ кадетхэмрэ проектым хэтахэмрэ хуагъэфэщащ Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэмрэ Росреестрым и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэмрэ я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Сабийхэм ядэлэжьэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIым папщIэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэмрэ Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм и фIыщIэ тхылъхэмрэ иратащ КъБР-м щыIэ МВД-м балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и инспекторхэм.

Къызэхуэсахэм уэрэд яжриIащ Текуев Амур.

ЗэIущIэм и кIэухыу ныбжьыщIэхэм упщIэхэр иратащ хьэщIэхэм. ШколакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэнт абыхэм я сабиигъуэр зэрыкIуар, я IэщIагъэр къызэрыхахамрэ хабзэхъумэ IэнатIэм лэжьапIэ зэрыувамрэ. Ахэр щIэупщIащ форумым хэтхэм регби, дзюдо, нэгъуэщI спорт унэтIыныгъэхэр къазэрыщыхъум. Крутовэ Еленэ Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапIэ №2-м щыщхэм я упщIэм жэуап щритым тепсэлъыхьащ спортым щызыIэригъэхьа лъагапIэхэм ящыщу нэхъ гукъинэж щыхъуахэм.

Къызэгъэпэщакiуэхэм къыхагъэщащ кадетхэм я зэхуэсышхуэ иджы япэу республикэм щызэхэтауэ зэрыарар икIи апхуэдэ зэIущIэхэр дяпэкIи зэрырагъэкIуэкIынур.

**УАРДЭ Жантинэ.**

Зэпеуэ



# Пщащэ цIыкIухэм я зэхьэзэхуэ

**Кыщпэк (Тыжьей) къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм зи еджапIэ кIуэгъуэ мыхъуа хъыджэбз цIыкIухэм я зэхьэзэхуэ иджыблагъэ щекIуэкIащ. «Псоми ефIэкI пщащэ цIыкIу» – арат зэреджэр зи зэфIэкIрэ жаныгъэкIэ къыхэщ сабийхэр щызэхьэрхуэр зэпеуэ гъэщIэгъуэным.**




ЗЭПЕУЭМ и кIуэцIкIэ цIыкIухэм я къалэнт я псэлъэкIэкIэ, я зыIыгъыкIэкIэ, я утыку итыкIэкIэ яхэлъ хэлъэтыр зыми зэремыщхьыр, хьэлэмэту зэрыщытыр, зыхэщIыкIрэ зэгъэзахуэрэ зэраIэр нэрылъагъу зэрахуэщIыр къэпщытакIуэ гупым я фIэщ ящIыну.

Пщащэ цIыкIухэр зыпхыкIын хуей хъуа зэхьэзэхуэхэр тынш дыдэу жыпIэ хъунукъым. Япэ къихьэгъуэр щыгъын хэдэрыхэшым хухэхат. Пщащэ цIыкIухэм щыгъын щхъуэкIэплъыкIэхэр ящыгъыу утыкушхуэм къихьэн хуейт, я зыIыгъыкIэмрэ зекIуэкIэмрэ макъамэ къеуэм декIуу, къыхаха фэилъхьэгъуэм пэджэжу. Абы иужькIэ «Ар сэращ, нэIуасэ зыфхузощI» зыфIаща Iыхьэм дэтхэнэ зыми къэпщытакIуэхэм закъыщригъэцIыхурт, къызыхэкIа жылэм, лъэпкъым, унагъуэм ятеухуауэ кIэщIу псалъэрт, дэзыхьэхым, фIэфIхэм, зыщIэхъуэпсхэм я хъыбарыр и бзэкIэ зэкIэлъигъакIуэрт. Ещанэ Iыхьэм хэт сыт хуэдэ зэфIэкI бгъэдэлъми лъэкIыныгъэ иIэми щигъэлъэгъуэн хуейт. Пщащэ цIыкIухэм ящыщу хэти къэфащ, хэти уэрэд жиIащ, языныкъуэхэри усэ къеджащ. Къыхэгъэщын хуейщ жьабзэм ехьэлIа Iыхьэр цIыкIухэм къатехьэлъэу зэрыщытар. Ауэ дэтхэнэми хузэфIэкIащ псалъэм зэрыхуэIэрыхуар къигъэлъэгъуэн, къыпэщылъ къалэнхэм зэрыхуэжаныр, къикIуэт зэрамыщIэр нахуэ къищIын. ЕплIанэ Iыхьэуи цIыкIухэм спорт зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыщагъэлъэгъуащ.

Куэдым гукъинэж ящыхъуащ «Щыгъын гъэлъэгъуэныгъэ-2022» зыфIаща Iыхьэр. Мыбдеж пщащэ цIыкIухэр зэрыIэкIуэлъакIуэр, зэманымрэ щхьэж и теплъэмрэ екIу щыгъыныгъуэхэр я IэкIэ ящIыжыфу зэрыщытыр щагъэлъэгъуащ. Дауи, гурыIуэгъуэщ, пщащэ цIыкIухэм я анэхэм я дэIэпыкъуныгъэ ин хэлъащ гъэлъэгъуэныгъэм, ауэ, ипэжыпIэкIэ жыпIэмэ, къытщIэхъуэ щIэблэр лэныстэмрэ мастэ-Iуданэмрэ зэрыхуэмыхамэр, дахагъэмрэ гуакIуагъэмрэ я Iэпэгъуу къызэрытэджынур псом дежкIи гурыIуэгъуэ хъуат.

Къалэнышхуэ и пщэ къыдэхуащ, зэхьэзэхуэм хэтхэм яхэдэн и IуэхукIэ къэпщытакIуэ гупым. Зи насып къэкIуэгъуэ, зи хъуэпсэгъуэ хъыджэбз цIыкIухэм ягури я псэри здэгъэзар къэпщытакIуэхэм я дежкIэт, абыхэм ахэр къызэралъытэ щIыкIэрат.

КъэпщытакIуэ гупым хэтащ Бахъсэн щIыналъэм ит къуажэхэм я Нэгузегъэужьыпiэ-щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр: Къулий Маринэ (Зеикъуэ), Къардэн ФатIимэ (ПсыкIэху), Тембот Оксанэ (ХьэтIохъущыкъуей), Мамбэт Асусенэ (Къулъкъужын Ипщэ).

«Псоми ефIэкI пщащэ цIыкIу» зэхьэзэхуэр зыми емыщхь зэпеуэ лIэужьыгъуэщ. Мыбы, дауи, къыхэжанык Iи кIэлъыщIэмыхьи къыхэкI, гулъытэншэу зыри къанэ хъунукъым, сабийхэм я ныбжьымрэ Iуэхур зытеухуамрэ къэплъытэмэ. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм ар фIы дыдэу зыхащIэу къыщIэкIынт зэпеуэм хэта хъыджэбз цIыкIуийр дэтхэнэри унэтIыныгъэ щхьэхуэкIэ къыщыхагъэщам.

Апхуэдэу, къэпщытакIуэ гупыр зэдэарэзыуэ, мыпхуэдэ фIэщыгъэ дахэхэр сабийхэм хуагъэфэщащ:

«Псоми ефIэкI пщащэ цIыкIу» цIэр иратащ ГъукIэ Мединэ;

«ДжэгуакIуэ пщащэ» цIэр хуагъэфэщащ Елбэд Алия;

«Пщащэ гуфIэнэгукIэ» еджащ Алокъуэ Лаурэ;

«Пщащэ щIыкIафIэу» къалъыташ Хьэпэхъу Алианэ;

«Пщащэ гуакIуэ» хъуащ Абазокъуэ Даринэ;

«УзыIэпызышэ пщащэ» фIэщыгъэр лъысащ Жыгуэ Iэминэ;

«ХъуэпсапIэ дунейм хэт» цIэр иратащ Алибутей Миланэ;

«Пщащэ бзэ щабэ» фIэщыгъэр хуагъэфэщащ Щоджэн Миленэ.

Зэпеуэм хэта ныбжьыщIэ цIыкIухэр псори фIыщIэ тхылъкIэ ягъэлъэпIащ. Ди гуапэщ утыку ита цIыкIухэр дунеишхуэми нэхъри щефIакIуэу, ехъулIэныгъэ куэд щаIэу псэуну, гъащIэм гу щахуэну.

**ШУРДЫМ Динэ.**

*Гущэкъу уэрэдхэр*

АБРОКЪУЭ Бэллэ

### Жей нанэр къокІуэ

Хъыдан жэрумэурэ
Си насып вагъуэ,
Щыгъэхуу уэгумэ
Къыпыхуа щІагъуэ,
Лэу-лэу-лэу жысІэмэ,
НапІэр зэхуокІуэ,
Лэу-лэу-лэу жысІэмэ,
Жей нанэр къокІуэ.

Хьэбэ хъурыфэурэ
Си гурыфІыгъуэ,
Дыгъэм и фыгъуэурэ
Дыщэр зэфыгъуэ,
Лэу-лэу-лэу жысІэурэ,
ПщІыхь ныпхузошэ,
Лэу-лэу-лэу жысІэурэ,
ПщІыпщІу нызошэ.

Бжьэфу пэщащэри
Жейм щІэф зэпытти,
Іупэу пІэжьажьэри
ФІыгъуэ пыбжьыкІи,
Лэу-лэу-лэу жысІэурэ,
Хъыринэ уощІэ,
Си дуней бзыгъэри
Уи жейм ныхопщІэ.

ПщІыхьу фІэрафІэри
Гущэм щІеупскІэ,
Си пщащэ цІыкІури
Жей, укъэмыскІэ.
Лэу-лэу-лэу жысІэурэ,
Вагъуэхэр къоблэ.
ПщІыхьыр игъаблэурэ
МазэщІэр къоплъэ...

### Дадэ и гугъапІэ

Нанэ и Іу бахъэу
Хъуэхъур зыхуигъэш,
Еш зымыщІэ гущэм
И псэм зезыгъэщІ,
Лэу-лэу, си нэ пІащэу
Сэ си щІалэ нэху,
Гурыгъузу сиІэр
Си гум изыгъэху.

Уэгум игу къытхуилъыр
Уэ уи нэгум къощ,
Хуабэу дыгъэм хэлъыр
ІэплІэу къысхубощІ.
Лэу-лэу, дыгъэ-щыгъэу
Сэ си щІалэ щэху,
Дадэ и гугъапІэр
Зыхуихь гугъэпсэху.

Лъэпкъым и пкъым -
къуэпсу
Уэ упыкІыкІын?
ЩІыхум и псэм щыщу
УакъыхущІэкІын?..
Уи нэ къабзэр - уэгум
И гум къыпыкІа?
Тхьэм уихъумэ, нурыр
Зи псэм къешэкІа!

Гущэм и хъыринэм
УещІэу зыгъэпсэху,
ЖейкІэ зыбгъэнщІауэ
ЗыкъызэбгъэщІэху.
Лэу-лэу, си нэ пІащэу
Сэ си щІалэ нэху,
Гурыгъузу сиІэр
Си гум изыгъэху.


*Сурэтхэр* Къарей Элинэ *трихащ.*



# Сэ къысфІощІыр адыгэбзэу ЖэщкІэ мэзым къиІущэщыр

АФІЭУНЭ Лиуан

### Сыту куэд сэ сиІэ!

Си нэ, си жьэ, си пэ,
Си тхьэкІумэ, ныбэ.
Си лъэ, си щхьэ, си Іэ.
Сыту куэд сэ сиІэ!

### Тхьэгъэлэдж

- Махуэм дэнэ
УздэщыІэр,
Зи бзэр дахэу
Си ІэфІ цІыкІу?!
«ЩутІи-пІутІи»
Уэ жумыІэу,
ЗыщІэбгъэпщкІур сыт -
Хуэмыху?!
КъакІуэ мыдэ,
Умышынэу.
КъоІусэну
ПфІэщІыр хэт?
ДегъэдаІуэ
ШыкІэпшынэм,
Зэхэдгъэхыт
Уи уэрэд!
- Сожей махуэм -
СхущІэмыхьэ,
Сыкъэушмэ -
Согупсысэ,
Сошхэ,
Дыгъэм зызогъэу.
Нэху щыху -
Дыгъэр зэрыкъухьэу,
Губгъуэ Нанэ
Сыхуоусэ,
Губгъуэ Нанэ тызогъэу!

КЪЭЖЭР Пётр

### КхъыІэ, иІэ

Дадэ, Дадэ! КхъыІэ, иІэ,
Таурыхъ аргуэру жыІэ...
Хъыджэбз цІыкІур мэзым кІуауэ,
Дыгъужьыжьым ныхуэзауэ,
Ирихьэжьэу ежьэжауэ,
И гъуэ кІыфІым нэсыжауэ,
Ауэ сэ сыкъыкъуэкІауэ,
Щхъуэжь кІэ бацэр есхужьауэ,
Хъыджэбз цІыкІур къезгъэлауэ,
Тхъэрэ-псэуу къэнэжауэ...
Дадэ, Дадэ, кхъыІэ, иІэ,
Таурыхъ апхуэдэу жыІэ.

ДЖЭРЫДЖЭ Арсен

### Адыгэбзэ

ЦІыхуу щыІэм яІэжщ я бзэ,
ЗэраІэжым хуэдэу я псэ.
Сэри сиІэщ апхуэдэбзэ,
Хэлъу дади нани я псэ.
А сэ си бзэр адыгэбзэщ,
Пшынэ Іэпэу, схуэбзэрабзэу,
Нарзаныпсым ещхьыркъабзэщ,
КъобыргъукІыр, псынэ къабзэу.
Сэ къысфІощІыр адыгэбзэу
ЖэщкІэ мэзым къиІущэщыр.
Нэхущ бзухэм я уэрэду
Жыг къудамэм къапыщэщыр.
Адыгэбзэщ нанэ щабэу
Пщэдджыжь къэскІэ зэрылъэІуэр:
«Ухожае, тэдж, си тІасэ,
БлэбгъэкІынущ насып къакІуэр...»
Адыгэбзэр щыбзэрабзэм
Адыгэпсэр щымыжей,
ЗымыщІэжыр анэм и бзэр
ГъащІэм куэдрэ щогужьей.


Тэрч къалэм дэт «Сказка» сабий гъэсапІэр мы гъэм къэзыух цІыкІухэр.
*ГъэсакІуэхэр:* БжэІумых Заремэ, Къурал Раметэ, Бузд Іэсият, Хьэту Мадинэ.

### Си нанэ

Сэ си нанэр дэсщ ди къуажэм.
Къуажэм сэри сыкІуэрейщ.
ГъэщІэгъуэнкъэ, нани мами
Я зэхуэдэу сэ сарейщ.
Нанэ жеІэ сэрыншауэ
Мыпсэуфу тхьэмахуитІ.
Джэди къази дэзгъэшхэну
Сэ ди нанэ сещІыр хуит.
Жэм къыщишкІи дызэгъусэщ,
Нанэ къешыр, сэ сыщытщ.
Ди шкІэ цІыкІури къызэбзейуэ
Пщэхэур илъу къызбгъурытщ.
Ди шкІэм и кІэр мэпІэжьажьэ,
Сэ си Іупэм сыщІофыж.
ШатІэгъуэблыр нанэ къишым,
ШкІэми сэри зыдотІыж.

КЪЭЗАН ФатІимэ

### Си лъахэр - гъэмахуэм

Ди хадэшхуэм куэд щобагъуэ:
Къэб, къэбыстэ, къуэнтхъурей...
Ди жыг хадэм къыщогъагъэ:
Дей, къыпцІей, мыІэрысей...
ХьэкІэкхъуэкІэр мэз щыкуэдщ:
Мыщэ, бажэ, мэз джэду...
Къуалэбзухэр уэгум изщ:
Хьэрхъуп, жьынду, жэнэтбзу...
Губгъуэм удзкІэ зигъэнщІащ:
Лъэху, дадий, яжьащхъуэ...
Дуней псор къэщІэращІащ,
Уафэр хъуащ нэхъ къащхъуэ.

*Зэрыбжэ къебжэкІ*

Уэ зы - Закъуэ нэхърэ,
Зы баш.
Уэ тІу - НитІыр зэхуэдэмэ,
Маплъэ.
Уэ щы - Іэнэр лъакъуищмэ,
Мэув,
Уэ плІы - Жэм быдзиплІыр зэхуэдэмэ,
ГъэшыфІэщ.
Уэ тху - Іэпхъуамбитхум хамэ яхэткъым.
Уэ хы - Илъэсих хъуа шым
Гъуэгум я нэхъ кІыхьыр зэпечыф.
Уэ блы - Вагъуэзэшиблым загъазэмэ,
Нэху мэщ.
Уэ йы - Вэрэвийр зэдеІэмэ,
Вагъэбдзумэр ирач.
Уэ бгъу - Дзыгъуибгъуэр зэдеІэмэ,
Кхъуей кІадащхьэр трач.
Уэ пщІы - Бгъум зы хэплъхьэмэ,
ПщІы мэхъу.

# Мэжаджэ хуабэм и мэ IэфIыр

**Шэч хэлъкъым, гурэ псэкIэ къабзэу, IуэхуфIхэр и бащэу зи гъащIэр дахэу къезыхьэкI, фIыр и гуращэрэ Iыхьлыми, благъэми, гъунэгъуми пщIэ зыхуащI цIыху угъурлы ухуэзэмэ, узэрызэщIиIэтэнум. Абы уепсэлъылIэмэ, дэрэжэгъуэ ин уогъуэт, уеблэмэ, дунейр нэхъ дахэ хъуауэ, фIыгъуэ гуэр къыпхэхъуауэ къыпфIощI, дэплъагъу хьэлщэным щыщ гуэр сэри схэлъарэт жыпIэу уохъуапсэ. Мис апхуэдэ цIыхущ ди псалъэмакъыр зытеухуар. Ар Вольнэ Аул щыпсэу Блий Хъанджэрийщ.**

БАШ къиIэтыф зэрыхъурэ махуэл щIагъуэ димыхыу лажьэу зи дунейр къезыхьэкIа Хъанджэрий куэд щIакъым иужьу зыIута IэнатIэм къызэрыIукIыжрэ. Дауи, абы къыхуихуэ къыщIэкIынщ зэплъэкIыжу къикIуа гъуэгуанэм щрипльэж, и IуэхущIафэр зыхуэдар, къызэринэкIа илъэсхэр и гупсысэхэм щызэпилъытэж. Апхуэдэхэм деж, шэч хэмылъу, ар хешэ и сабиигъуэм, я унагъуэм и къекIуэкIыкIар зыхуэдэм.

Зи гъащIэр матэщIэдзауэ къезыхьэкIахэм ящыщкъым зэшхэр. Я адэр пасэу, Хэку зауэшхуэр къэмысу, дунейм ехыжри, сабииплIыр анэм къыхуэнащ. Быным я нэхъыщIэр Хъанджэрийщи, и адэр ищIэжыххэркъым. Зауэ нэужьым къуажэдэсым ятелъа хьэзабыр ноби и нэгу щIэтщ абы. ЦIыхум я нэхъыбэр ерыскъыкIэ зыхуей хуэзэртэкъым. А гугъуехьхэр зыгъэвахэм ящыщщ езы Хъанджэрии. И Iэпкълъэпкъыр зэрымыубыдауэ, щIалэ цIынэу мэзым кIуэрэ пхъэгъэсыныр дамэкIэ къихьу, губгъуэм гъавэ щыIуахыжамэ, щхьэмыж къищыпу, нартыху кIэрыхуа къилъыхъуэу мащIэрэ къыхуихуа щIалэ цIыкIум.

Хъанджэрий и нэкIэ илъагъурт, псэкIэ зыхищIэрт анэм гугъуехьу телъыр зыхуэдэри, ахэр зэрыдигъэпсынщIэным иужь итт, зэрыхузэфIэкIкIэ Iэпыдзлъэпыдз хъурт.

- Ди анэм хуабжьу гугъу къыддехьу дипIащ, - игу къегъэкIыж Хъанджэрий, - губгъуэм къыщытщыпа нартыху тIэкIур щхьэлым ихьырт, иригъэхьэжырти, мэжаджэ хуабэ тхуигъэжьар фоупсу къытщыхъуу тшхырт. Къалэн мащIэ и пщэ дэлът абы: быныр пIынри, хадэр зехьэнри, лъапсэр зыхуей хуэгъэзэнри. А псом ищIыIужкIэ нэхущым къэтэджырт, тшхын игъэхьэзырырти, колхоз губгъуэм дэкIырт лэжьакIуэ - нартыху, щIэп ипщIэрт, нэгъуэщI лэжьыгъэхэр ирагъащIэрт. Дыщысабийми, тIэкIу нэхъ дыкъыдэкIуэтея нэужьи зэпымыууэ диущийрт ди анэм: «фызабэкъуэщ» зыхужевмыгъэIэу тэмэму дунейм фытет, мащIэ къэвлэжьми куэд къэвлэжьми зыщIевмыгъэхыу Iуэхум фыпэрыт, губзыгъэу гупым фахэт, нэгъуэщIым фи зэран евмыгъэкI, цIыхум сэбэп фазэрыхуэхъуным иужь фит. А псалъэхэр нобэми сщыгъупщэркъым.

Урыху къуажэ школыр къиуха нэужь, Блий Хъанджэрий куэдрэ егупсысакъым и гъащIэ гъуэгуанэр зытриухуэну Iуэхугъуэм. ЗэрыцIыкIурэ и нэ къызыхуикI шофёр IэщIагъэм хуеджэну макIуэ Нарткъалэ. Абы щыIэ курсыр къеух, къегъэзэжри и шынэхъыжь Борис шофёру щылажьэ, пхъэщхьэмыщхьэм варенэ, повидлэ къыщыхащIыкIыу я жылэм дэт заводым стажёру, и къуэшым и дэIэпыкъуэгъуу къащтэ. Сытым хуэдэу дуней гуфIэгъуэр абы щыгъуэ зэрихьэрэт щIалэщIэм.

Абы иужькIэ, куэд дэмыкIыу Хъанджэрий ирагъэтIысхьэ совхозым и унафэщIыр, Арахъэ Чэмал, зэрызекIуэ автомашинэ ГАЗ-69-м. УнафэщIыр сыт и лъэныкъуэкIи къыхуэарэзыуэ, машинэр къабзэу зэрихьэу и къалэныр игъэзащIэрт щIалэм. Хъанджэрий зэрыцIыху тэмэмыр хьэкъ щыхъуат хозяйствэ Iэтащхьэм и щхьэгъусэ, судыщIэу лажьэ Душэ. Ари зэм-зэм IуэхукIэ нэгъуэщI щIыпIэхэм нигъэсыну къыхуихуэрт Блийм. ИлъэсищкIэ а IэнатIэм Iутауэ, зы махуэ гуэрым зэщхьэгъусэхэм абы къыжраIэ: «УщIалэщ, уеджэфынущ, ди зэранкIэ уи Iэм дагъэр къыпытIэтIу уи гъащIэр пхьыну дыхуейкъым, еджакIуэ удгъэкIуэнщ».



Хъанджэрий арэзы щыхъум, традзэри Душэ щIыгъуу къокIуэ Налшык. А зэманым, 50 гъэхэм, совхозым и щхьэ къытетыр совнархозырти, абы и унафэщI Кулик деж щIохьэ. Ар фIыуэ яцIыхурт зэщхьэгъусэхэм. Мызэ-мытIэу Урыху къакIуэурэ хозяйствэм и Iуэху зэрекIуэкIым щыгъуазэ ищIат, шыгъу-пIасти зэдашхат. «Щхьэгъусэм сэрэ мы щIалэр еджакIуэ дгъэкIуэну дыхуейт», - жеIэ Душэ. «АтIэ ар хъарзынэкъэ», - жери, абдежым совнархозым и нэхъыщхьэм стIолым къытрелъхьэ тхылъымпIэ: «Мис, мыбы итхэм фызыхуейр къыхэфх». Хъанджэрий и гум нэхъ къищтар Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ Первомайскэ къуажэм дэт еджапIэрт. Абы щагъэхьэзырырт тхъум, кхъуейм пыщIа IэнатIэхэм Iутыну IэщIагъэлIхэр. ЕджапIэм узыщIэсыни къуитырт, махуэм щэ пщIэншэу ущагъашхэрт. ЩIалэм ар къыщыхихым, кадр Iуэхухэр зи пщэ дэлъу совнархозым щыIэ Хьэкъулхэ я къуэр Куликым къреджэри жреIэ: «Сэ гъуэгупщIэ фэстынщ, мы щIалэр Первомайскэм шэ, щIумыгъэтIысхьауи укъэмыкIуэж».

Арати, а щIыкIэм тету, экзаменхэр итри, гъэшым елэжь IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыру Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ еджапIэм щIэтIысхьащ адыгэ щIалэр. КъыщIэмыхуэуи фIыуэ еджащ. А лъэхъэнэм хабзэт университет, техникум, институт къэзыуха щIэныгъэ зыгъуэта щIалэгъуалэр къэралым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм ягъакIуэу. Ауэ, Хъанджэрий, и насып къикIри, и щIыналъэм къашэжащ лъэIукIэ - Къэхъун дэт тхъу-кхъуей заводыр щIэлъэIуат зы мастеррэ зы лаборанткэрэ дыхъуэныкъуэщи, фи еджапIэр къэзыухахэм ящыщ къытхуэвгъакIуэ жаIэри. Абы щыгъуэ Къэхъун заводым иIэт къудамитI гъэшхэкIым елэжьу, ерыскъыпхъэ къыхащIыкIыу - зыр Хьэтуей, адрейр Жэмтхьэлэ дэту. Хъанджэрий нэхъ и гъунэгъур Хьэтуейрт, езыми нэхъ фIэкъабылыр арати, абы IэнатIэ къыщратащ.

Илъэситхукlэ а къуажэм щыIауэ, и Iуэхури тэмэму зэфIэувауэ, Хъанджэрий мастеру ягъакIуэ Налшык дэт гъэш заводышхуэм. Ар хуэныкъуэт зи IэщIагъэм хуэIэижь, зи лэжьыгъэр гурэ псэкIэ зезыхьэн цIыху. Зэрагугъауи къахущIэкIащ урыху щIалэр: япэ махуэхэм щыщIэдзауэ абы зыкъигъэлъэгъуащ зи IуэхущIафэр гугъэзагъэу зэфIэзыгъэкI, гупыр зэзыгъэуIуф, зэзыгъэдэIуэф лэжьакIуэу. Уи унафэм зы цIыху фIэкIа щIэмытми, цIыхуищэ щIэтми укIий-угуокIэ, «сэ сыунафэщIщи, си псалъэм фемыбакъуэ» жыпIэкIэ, а бгъэлажьэхэм пщIэ яхуумыщIмэ, уэри пщIэ уиIэнукъым, уи Iуэхури дэкIынукъым. Ар фIыуэ къыгурыIуэрт Хъанджэрий икIи и гупым хэт дэтхэнэ зыри и щхьэ ирилъыту, къаугъэншэу, абыхэм ящыщ къуаншагъэ гуэркIэ къыщIэхуэми лей тримыгъэхьэу къызэдэгъуэгурыкIуащ. «Гъэшу мыпхуэдиз нобэ идгъэхъуэну ди пщэ дэлъщ, кхъыIэ, IейкIэ дыкъыхэмыщу, а тIэкIур тэмэму зэфIэдвгъэгъэкI» щабэу яжриIэрти, и лэжьакIуэхэм къагъэщIэхъуртэкъым.

Ищхьэкlэ щыIэ унафэщIхэри, езыр зыхэт гупри къыхуэарэзыуэ илъэсипщIым щIигъукIэ Налшык гъэш заводым щылэжьащ Блийхэ я къуэр. Ар зыIут IэнатIэр гугъут, утеплъэкъукIынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Iэпэдэгъэлэл пщIамэ, уи пщэ къыдалъхьа къалэнри пхуэгъэзэщIэнутэкъым, гъэшхэкIыр пфIызэхадыгъуэнри хэлът. Нэхъыбэу арат абы япэ ита мастерхэр щIыIумызэгъари. Ауэ Хъанджэрий гугъуехьым къигъэланджэртэкъым, ар заводым къыIукIынуи къыщIэкIынтэкъым, щыпсэун унэкIэ и Iуэхур зэтесу щытамэ. Езыр унагъуэ хъуат, зыщIэсыр фэтэр хьэхут. И щхьэгъусэр бухгалтеру щылажьэрт Вольнэ Аул дэт консерв заводми, зы махуэ гуэрым ар ираджэри къыжраIэ: «Ди складыр тэмэму, хэщIыныгъэншэу зезыхьэн цIыху дыхуейщ. Уи щхьэгъусэм епсалъи, а IэнатIэр и пщэ итлъхьэнщ. Тэмэму лажьэрэ - унэ къедгъэжьауэ дощIри, абы щыщу пэшищ хъу фэтэр фэттынщ, телефони фхущIедгъэшэнщ». Мо зэса гупыр, зыIут IэнатIэр сыт хуэдизу игу пымыкIми, Хъанджэрий къыIумыкIыу хъуакъым зыпэрыт лэжьыгъэм. Арати, Вольнэ Аул консерв заводым и складыр и IэмыщIэ къралъхьэри, илъэс 13-кIэ зэрихьащ къыщIэмыхуэу, зы абдж птулъкIэкIэ къимынэу. Абы иужькIэ игъэзэжащ гъэш заводым - и гум кърихуэкIырт зыхуеджа IэщIагъэм ирилэжьэну. Ар цех унафэщIу Iутащ пенсэм кIуэхукIэ.

Хъанджэрий и IэнатIэр екIурэ-ещхьу зэрызэрихьар щапхъэ цIыкIуитIкIэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Япэрауэ, абы и пщэ дэлъа къалэныр зы илъэскIэ, илъэситIкIэ нэхърэ нэхъыбэрэ зыгъэкъарууф къахэкIыртэкъым - хэти пэлъэщыртэкъым, хэти къинэрти IуагъэкIыжырт. ЕтIуанэрауэ, лэжьакIуэ нэхъыфIым иратын хьисэпкIэ заводым къыхуэкIуа УАЗ автомашинэр зыхуагъэфэщар Хъанджэрийщ.

... Зигъэпсэхуну тIысыжа щхьэкIэ, Хъанджэрий щысакъым Iуэхуншэу. Я псэупIэм и гъунэгъу консерв заводым дэт хьэлвэ цехым щIэт и цIыхугъэхэр къелъэIури, я ерыскъыпхъэр ищэу илъэс IэджэкIэ лэжьэжащ.

Блий Хъанджэрий зыхуэдэ цIыхур кърипщIэфынущ абы и благъэхэм ящыщ зым - Гугъуэтыжхэ я щIалэм къызжиIам: «Дэ, зэблагъэ-зэIыхьлыхэм, сыт хуэдэ Iуэху диIэми, къуажэм кIуэжын хуейми, нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэ зэфIэдгъэкIыну къытлъыкъуэкIами, сыт щыгъуи дызэжалIэр, къэдгъуэтыр, щIэгъэкъуэну диIэр, дыкъэзымыгъэщIэхъур Хъанджэрийщ».

Iэджэ и уасэкъэ уи благъэ нэхъыщIэм апхуэдэу къыпхужиIэну!

Хъанджэрийрэ абы и щхьэгъусэмрэ зэдапIащ пхъуитI - Эммэрэ Мадинэрэ. Эммэ Уэлджырхэ я нысэщ, Мадинэ Пекъухэ яхэсщ. Абыхэм къащIэтаджэ щIэблэрщ зэщхьэгъусэхэм я гурыфIыгъуэр, я дунейр.

Нобэ, мэкъуауэгъуэм и 1-м, илъэс 85-рэ ирокъу нэхъыжь Iумахуэр. Ар зыцIыху дэтхэнэ зыри акъылэгъу къыбдэхъуфынущ: апхуэдэ ныбжь иIэу хуэбгъэфэщэнкъым а лIым. Ноби жыджэрщ, таучэлышхуэ хэлъщ, Iыхьлым, благъэм, гъунэгъум гуфIэгъуэ яIэмэ ядеIэт, нэщхъеягъуэ къалъыкъуэкIмэ ядеIыгъ. И цIыхугъэ гуэрым фIы къехъулIэмэ, и щхьэм къылъысам хуэдэу щогуфIыкI, фыгъуэнэдыр и псэм техуэркъым.

Ди гуапэщ, Хъанджэрий, уи щхьэгъусэмрэ уэрэ фызэкIэрымыхуу иджыри илъэс куэд узыншэу къызэдэвгъэщIэну, фи дунейр зыгъэнэху, псэуэ фIут щIэблэм я Iуэху дахэхэм фрилъагэу фи гъащIэр ефхьэкIыну.

**МЫЗ Ахьмэд.**

# Хэкупсэхэр ягъасэ

**КъБР-м щыIэ МВД-м «Полицейский дядя Стёпа» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ щагъэлъэпIащ. Зэпеуэм мы гъэм республикэм и щIыналъэхэм щыщ сабий 30 хэтащ, илъэси 6-м къыщыщIэдзауэ 14 ныбжьым къриубыдэхэу.**



КЪЭРАЛ кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий текIуа ныбжьыщIэхэм щехъуэхъум фIыщIэ яхуищIащ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI творческэ зэхьэзэхуэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ.

- Я IэдакъэщIэкIхэм сабийхэм къыщагъэлъэгъуащ хабзэхъумэ лэжьыгъэм зэрыхущытыр икIи езыхэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэм и теплъэр къагъэнаIуащ. Щхьэхуэу фIыщIэ яхузощI адэ-анэхэм сабийхэр гъэсэным зэрегугъум папщIэ. НыбжьыщIэхэ, адэкIи ехъулIэныгъэхэр, творческэ текIуэныгъэхэр фиIэну си гуапэщ! - жиIащ министрым.

Ведомствэм и унафэщIым къыхигъэщащ апхуэдэ Iуэхухэр къытщIэхъуэ щIэблэр цIыхугъэ яхэлъу, хэкупсэу гъэсэнымкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъур. «Полицейский дядя Стёпа» зэхьэзэхуэм ныбжьыщIэхэм я деж нэхъри зыщеубгъу. Мы гъэм и лауреатхэм яхэтщ Совет Союзым и ЛIыхъужь Калюжный Николай и цIэр зезыхьэ СОШ №7-м и кадет классым щIэсхэр.

Псалъэ гуапэхэм пищащ КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и унафэщI Мэкъушэ Руслан. Абы къыхигъэщащ лэжьыгъэ псори екIуу зэрагъэхьэзырар икIи жюрим и гулъытэ лъагэхэр зэрахуэфащэр.

Iуэху гуапэм и кIэухыу къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру республикэм щыIэ Павлов Василий бжьыпэр зыубыда, къыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэм щIыхь тхылъхэр, гукъинэж ящыхъун саугъэтхэр яритащ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

ЩІалэгъуэ • Егъэджэныгъэ

# ІэщІагъэлІхэм я зэхуэс

**Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щызэхэтащ УхуэныгъэмкІэ, архитектурэмрэ дизайнымкІэ къудамэм къыщІигъэкІ ІэщІагъэлІхэм я зэІущІэ.**



ЗЭХУЭСЫР теухуат университетым а и къудамэм къыщІигъэкІ ІэщІагъэлІхэр лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэща икІи ІэнатІэм щІалэгъуалэр къешэлІа, дегъэхьэха зэрыхъуным, ухуэныгъэм пыщІа ІуэхущІапІэхэм запыщІэным, абыхэм зэгурыІуэныгъэхэр ещІылІэным.

Институтым и унафэщІ Хэжь Анатолэ зэхуэсыр къыщызэІуихым, ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, еджэныгъэр къызэрызэрагъэпэщым, къэралым къищта мардэхэм зэрытехуэм тепсэлъыхьащ. Абы къищынэмыщІауэ, Хэжьым зэхуэсым кърихьэлІахэм гу лъаригъэтащ я хьэщІэхэр куэдкІэ зыщыгугъ, зэпымычу къадэлажьэ ІуэхущІапІэхэм я лІыкІуэу зэрыщытым, ахэр КъБКъУ-м и дарэгъуу илъэс куэд лъандэрэ къызэрекІуэкІым.

Зэхуэсым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Унэжокъуэ Астемыр, КъБКъУ-м ІэнатІэхэмкІэ и ІуэхущІапІэм и унафэщІ Куэцэ Ратмир, «Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш икІи промышленнэ ухуэныгъэхэр» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Къуэкъуей Мухьэмэд, «Дахэ» ІуэхущІапІэм и унафэщІ Быдэ Аслъэн, «Дамыгъэ» ІуэхущІапІэм и унафэщІ ПщыхьэщІэ Азэмэт, «Проект ухуэныгъэхэр» фирмэм и унафэщІ Албот Рустам, КъБР-м Лъэпкъ ІэщІагъэхэмкІэ и центрым и унафэщІ Урыс Аслъэн, «Къалэ щхъуантІагъэ» ІуэхущІапІэм и пашэ Тэрчокъуэ Хьэсэн, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и лІыкІуэ ГъукІэмыхъу Аксанэ, КъБКъУ-м ІэщІагъэхэм зегъэужьынымкІэ и центрым и унафэщІ Лопатинэ Кристинэ, нэгъуэщІхэри.

ЕджапІэр къэзыуха ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр щагъэгъуэзащ лэжьакІуэ хуэныкъуэ ІуэхущІапІэхэм, абыхэм я лэжьыгъэр зэрагъэпсыну щІыкІэхэм, ІэнатІэм узэрыщехъулІэну икІи узэрыдэкІуеину Іэмалхэм.

«ІэщІагъэлІхэм сыт щыгъуи дахуэныкъуэнущ. Зыхуеджа Іуэхугъуэр гъащІэм къыщызыгъэсэбэпыф, зрагъэгъуэта щІэныгъэм гъуэгу хухэзышыф лэжьакІуэхэм сыт щыгъуи дахуейщ. Ди министерствэр къапщтэмэ, лэжьэгъу тхуэхъужри, ди къудамэхэм ІуэхущІакІуэу къэуври КъБКъУ-р къэзыуххэращ, я бжыгъэми кІуэ пэтми хохъуэ. ПцІы хэмылъу, ар епхащ щІыналъэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм фІыуэ щыгъуазэ цІыхухэм къулыкъущІапІэр зэрахуэныкъуэм, абы къыдэкІуэу дызыхэпсэукІ жылагъуэ-экономикэ щытыкІэм хэзыщІыкІ ІэщІагъэлІи къызэрилъыхъуэм. КъБКъУ-м къыщІэкІ ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ ябгъэдэлъым и мызакъуэу, гъэсэныгъи яхэлъщ. Ахэр зыхэтхэм фІыкІэ къахощ икІи яхэгъуащэркъым», - жиІащ Унэжокъуэ Астемыр.

Куэцэ Ратмир къызэрыхигъэщамкІэ, иужьрей илъэсхэм дунейр щІэгъэхуэбжьауэ зыхуэкІуэ бжыгъэрылъанэ экономикэмрэ ІэнатІэхэмрэ еджапІэм гулъытэ хэха хуищІ хъуащ.

- КъБКъУ-м Бжыгъэрылъанэ ІэнатІэхэмкІэ и центрым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм уеплъмэ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапІэхэм ящыщу университетым «Факультетус» ІуэхущІапІэм тхьэмахуэ зыбжанэ хъуауэ пашэныгъэр иІыгъщ. Абы ухуэныгъэмкІэ, архитектурэмкІэ, дизайнымкІэ и къудамэр къэзыуххэм ІэщІагъэмкІэ зрагъэгъуэт щІэныгъэм къыдэкІуэу, бжыгъэрылъанэм и Іэмалхэми хуэІэижьу къыщІокІ. Иджырей дунейм технологиещІэхэм, бжыгъэрылъанэ Іэмалхэм ущыгъуазэу щытыныр мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэу щытщ. Абы и лъэныкъуэкІэ уеплъмэ, ди еджапІэм къыщІэкІхэр хуэмыхуу жыпІэ хъунукъым. Къыхэгъэщын хуейщ, ди еджапІэр къэзыухахэм я нэхъыбэм «Факультетус» бжыгъэрылъанэ утыкум илъ анкетэм къигъэув упщІэхэм жэуап зэрыратар, лэжьапІэ ІэнатІэ ягъуэтынымкІэ яІэ Іэмалхэр а щІыкІэм тету нэхъыбэ зэращІар. АбыкІэ щІалэгъуалэм къагъэлъагъуэ я зэфІэкІыр здынэсыр, яхузэфІэкІынур зэрымымащІэр, - жиІащ Куэцэм.

ЦІыхухэр лэжьапІэ ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыным епха Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ ущыщІэупщІэ хъунущ КъБКъУ-м и Хьыбарегъащ1э центрым, мы телефонхэмкІи запыпщІэ хъунущ: +7 (8662) 40-48-06.

**ШУРДЫМ Динэ**.

# ХъуэпсапІэхэм япсыхьа

***Лъэпкъым и фІагъыр къэппщытэнумэ, и щІалэгъуалэм уеплъын хуейщ. И гупсысэкІэм, псэлъэкІэм, зыдихьэх Іуэхухэм. Ди псэлъэгъур ящыщщ Іуэхущ Іафэ дахэрэ акъыл жанкІэ лъэпкъым къыкъуэувахэм. Мэшыкъуэ ФатІимэ ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэщ - федеральнэ налог къулыкъущІапІэм республикэм щиІэ и ІуэхущІапІэм налогхэмкІэ и инспекторщ, пшынауэщ. Нэхъыщхьэращи, гурэ псэкІэ адыгэщ! И дуней тетыкІэмрэ дэзыхьэххэмрэ ятеухуауэ депсэлъащи, ди гуапэу фыдогъэцІыху.***



**- ФатІимэ, зэбгъэгъуэта щІэныгъэмрэ иджыпсу узыпэрыт ІэнатІэмрэ я гугъу къытхуэщІыт.**

- СызэрыцІыкІурэ сехъуапсэрт къэрал къулыкъу сыпэрытыну. ГъэщІэгъуэнщ, ауэ си ныбжьэгъу цІыкІухэм хэт дохутыр, хэт егъэджакІуэ хъуну щыжаІэм, сэ а ІэщІагъэхэр си гум къэкІыххэртэкъым. КъБКъУ-м юрист ІэщІагъэр щызэзгъэгъуэтащ, магистратурэм налогхэм епха экономикэр щызджыжащ. Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм КъБР-м щиІэ ІуэхущІапІэм сыщолажьэ илъэс зыбжанэ хъуауэ.

**- Сыт лэжьыгъэм гу нэхъ хуозыгъэщІу хэлъыр?**

- Уи гуащІэм мыхьэнэ зэриІэр щызыхэпщІэм деж, абы жан уещІ. Си лэжьыгъэр зэрысэбэпыр, си зэманыр пщІэншэу зэрызмыгъакІуэр сощІэри, абы гукъыдэж къызет. Си щІакхъуэ Іыхьэр къызэрызлэжь ІэнатІэм гурэ псэкІэ сыпэрытщ, ІуэхущІапІэм лэжьыгъэр нэсу зэрыщызэтеублами сыщогуфІыкІ.

Сызэрысабийрэ схэлъщ зы хьэл: сигу ислъхьам сытекІынкІэ Іэмал иІэкъым. Абы сыхуэкІуэнущ, зэзгъэхъулІэнущ. Сызытеува гъуэгум дэздзыхыжынукъым, лъэбакъуэ счауи сыкъикІуэтыжыфыркъым. Апхуэдэ ерыщагъэр лейуэ къэзылъытэ щыІэщ, мыхъунум щхьэ уеныкъуэкъун хуей, жыхуаІэу. Къапщтэмэ, си ІэнатІэми гъащІэми къыщысхуощхьэпэ а хьэлыр.

**- ФатІимэ, уэ икІи упшынауэщ!**

- Илъэситхум ситу си анэм фортепианэм щыхуагъасэ макъамэ еджапІэм сигъэкІуащ. Пшынэми сыхуеплъэкІырт сэрсэру. Си анэр ныбжьыщІэу щыщытам зытригъэха сурэтхэм сеплъырти, пшынэр щиІыгъхэр яхэтт. ЕзгъэкІурт ар. И пшынэ цІыкІури унэм щІэлът. Къапщтэмэ, ди унагъуэм макъамэр фІыуэ щалъагъу. Си адэм адыгэ уэрэдыжьхэр фІэфІщ. Си дэлъху нэхъыжьитІыр зыр - пшынэм, адрейр бэрэбаным дихьэхащ цІыкІуу, хуеджахэщ. ФортепианэмкІэ макъамэ еджапІэр къэзуха нэужь, пшынэм зезгъэсэну сыхуейти, сыхыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист Къуэдз Абубэчыр и гупым. Нэхъапэхэми сыкІуэну къысхуихуат абы: си дэлъхум зигъасэрти, сыщыздишэ къэхъурт... Ди дерсхэр щІэщыгъуэт, екІуалІэхэр зы унагъуэ хуэдэу дыхъуат. Пшынэ макъамэм и закъуэтэкъым Къуэдз Аубэчыр дызыхуигъасэр. Адыгэ хабзэр къытхилъхьэрт: нэмысыр, нэхъыжь-нэхъыщІэ зэхущытыкІэхэр, цІыху хыхьэкІэхэкІыкІэр, лъэпкъыр игъэдахэу къыдэгъуэгурыкІуэ хьэл-щэнхэр. ЦІыху 40 хуэдиз хъу ансамблыр пшынэ зэдригъэуэфырт. Зи нэ имылъагъу хъыджэбз цІыкІур адрейхэм зыкІи къакІэрымыхуу пшынэ еуэкІэ иригъэсэн хузэфІэкІащ.

Лъэпкъ щэнхабзи хабзэ-бзыпхъи адыгэ макъамэм хэухуэнащ. ПсэкІэ умыадыгэу, адыгэм епха Іуэху ухэтыфынукъым. Къуэдзым и ансамблым сыхэтащ сфІэфІу. Концертхэм, фестивалхэм куэдрэ дишащ. Пшынэм зыхуегъэсэныр къыщызух илъэсым ІуэрыІуатэ фестиваль сыхэтати, сытекІуэри, Москва сагъэкІуауэ щытащ. Абы япэ увыпІэр къыщысхуагъэфащэри, УФ-м и Президентым и саугъэтыр къызатат. Абы щыгъуэ 10-нэ классым сыщеджэрт. 4-нэ классым сыщІэст Къуэдз Абубэчыр и пшынэ дерсхэм сыкІуэн щыщІэздзам, япэ курсыр къэзухыхуи и гупым сыхэтащ. Ар еджапІэ хуэдэу къэслъытакъым зэи, гупсэхугъуэ къызэзыт гуэрт армыхъумэ. Унэ лэжьыгъэ сщІыжын хуейщ, жысІэуи къыстехьэлъэртэкъым, къысхуэмыгъэсрэ си псэр къигуфІыкІыу секІуалІэрт. Школым сыщыщІэсами, университетми олимпиадэхэм, конференцхэм щІэх-щІэхыурэ сыкІуэрти, си махуэхэр зэпэлъытат, ауэ еджэным сыкъыщыдэхуэ зэманыр къанэ щымыІэу зыхуэзгъэтІыгъуэр пшынэрт.

Къуэдз Абубэчыр цІыху гъуэзэджэщ. Апхуэдэхэращ и псэ еблэжыркъым зыхужаІэр. Си насып кърихьэкІащ апхуэдэ цІыху сызэрырихьэлІар, зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми абы и зэфІэкІым щыщ зэрызыхэсщІар.

**- Нэхъ пасэмрэ нобэрэ адыгэ пшынэр зэрагъэбзэрабзэр зэтехуэрэ хьэмэрэ...**

- ЗыгуэрхэмкІи зэщхьэщокІ пасэм пшынэ зэреуэу щытамрэ иджырейхэм я макъамэ къигъэкІыкІэмрэ. Псалъэм папщІэ, бзэрабзэ нэхъ халъхьэ хъуащ, ІэмалыщІэхэр къежьащи, абыхэмкІи ягъэщІэращІэ. Къафэ-уэрэд зэхалъхьэну нэхъ тогушхуэ иджырейхэр. Нэхъапэм зэмани гуащІэшхуи текІуадэрт абы. Пшынауэ нэхъыжьхэм гугъу ехьу зрагъэгъуэта, яхъума, нобэм къытхуахьэса ІэщІагъэщ мыр. КуэдкІэ нэхъ тыншщ ди зэманым макъамэр пшынэм къибгъэкІыу зебгъэсэныр: псоми ди жыпым илъщ телефоныр. Е зыгуэрым и пшынэ гъэбзэрабзэкІэр уигу дыхьамэ, видео тепхыу, уеплъыжи мэхъу. Нэхъыжьхэм къытхуагъэна пшынэбзэращ иджыпстуи диІэр. Пэжщ, ар догъэщІэращІэ, ди гупсысэ хыдолъхьэ. Нэхъ пасэм хьэгъуэлІыгъуэр зы пшынауэм дихыфырт. ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщІыкІхэми гу лъатэу къыщІэкІынщ иджыпсту хьэгъуэлІыгъуэхэм къыщыІу пшыналъэхэм хьилагъэ мащІи щыхалъхьи къызэрыхъур - макъамэ хьэзыр къыщыщІагъэувэ урохьэлІэ.

Щапхъэ зытепх хъуну пшынауэ Ізэхэри диІэщ. Къапщтэмэ, адыгэ щІалэгъуалэр екІущ, лъэпкъыпсэщ. Хабзэр къыдахыж, зэрахьэ, ягъэкІуатэ!

**- Адыгэ хьэгъуэлІыгъуэм теухуауэ уи гупсысэ зэхэдбгъэхатэмэ...**

- ХьэгъуэлІыгъуэр щхьэж зэрыхузэфІэкІым е къызэрыгурыІуэм хуэдэу ирегъэкІуэкІ. Сэ си гум дохьэ хьэтиякІуэ зыхэт джэгур. Апхуэдэм хабзи шыІэныгъи щыболъагъу, пшынэ макъамэ къабзэ щызэхыбох. ИтІанэ, щхьэж зэрегуакІуэу утыкум къимылъадэу, чэзууэ къыдаш къэфэнухэр.

**- ГъащІэм хэт щапхъэ щыпхуэхъуар?**

- Си адэ-анэр. Іуэху щхьэхуэ гуэрхэм зеспщыта нэужь, абыхэм сочэнджэщ. СакъыгурыІуэнущ, щыуагъэхэм сыщахъумэнущ. Сычэнджэщэну зэман симыІэу жэуап гуэр схьын хуей хъуми, си анэр си нэгу къыщІызогъэхьэри согупсыс: «Сыту пІэрэт иджыпсту къызжиІэнур, дауэ игъэтэмэмыну пІэрэт мы Іуэхур?» - жызоІэри. Абы сыщигъауэркъым. Сызэрыгъуазэр си адэ-анэм яхуэфащэу дунейм сытетынырщ!

**- Адыгэм и шыфэлІыфэр сыт нэхъыщхьэу къэзыгъэлъагъуэр?**

- Зы псалъэм къызэщІебгъэубыдэфыну си гугъэщ ар. Къабзагъэ!

**- ЩІэблэм анэдэлъхубзэ я ІурылъыныкІэ къалэныр хэт зи пщэ къыдэхуэр?**

- Бзэр хъумэнымкІэ япэу жэуап зыхьыр унагъуэрщ. Си жагъуэ мэхъу адыгэхэр урысыбзэкІэ щызэпсалъэу щыслъагъум деж. Анэдэлъхубзэр нэхъыжьхэмрэ щІэблэмрэ Іэмал имыІэу зэІэпахын хуей фІыгъуэщ. Аращ дэ лъэпкъ дызыщІыр. ТІурылъу дунейм дыкъытехьэ анэдэлъхубзэр дгъэлэжьэн хуейщ. Къапщтэмэ, ар бзэр псалъэ къудейкъым зэрызэхэтыр. Абы хъугъуэфІыгъуэ куэди къыдокІуэ. Хабзэр, нэмысыр, укІытэр, зыІыгъыкІэр, лІыгъэр. Куэдрэ сигу къохьэ АфІэунэ Лиуан итха «Зэ уадыгэну сыт и уасэ!» усэм хэт псалъэхэр.

Ди унагъуэм анэдэлъхубзэр икІуэдыкІыну ди гупсысэм зэи къыхэхуакъым.

**- Сыт хуэдэ тхылъ нэхъ узэджэр?**

- Сэ нэхъыбэу сыдэзыхьэхыр художественнэ тхыгъэхэрщ. Айтматов Ченгиз къыхэзгъэщыну сыхуейт. Абы и ІэдакъэщІэкІхэм гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхышащ цІыху гъащІэр зэрылъапІэр, цІыхугъэр пфІэкІуэд зэрымыхъунур, щІыуэпсымрэ псэущхьэхэмрэ зэран яхуэхъуну Іуэхухэм защыбдзеин зэрыхуейр. Ар тхакІуэм игъэдахэкъым, игу къеуэу топсэлъыхь. «Плаха» романыр нэхъ яхэсІэтыкІыу си гум илъщ, къытезгъэзэжу щІэзджыкІыжарэт жысІэу.

Иджыпсту соджэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд «Щихухэр иджыри мэкІ» и романым. Тхылъ сфІэфІщ. Электрон щытыкІэ мыхъуу, езы тхылъыр сІэщІэлъу седжэну нэхъ къызощтэ, дауи. Уеблэмэ блокнот сиІэщ сигу дыхьэ усэхэмрэ уэрэдхэмрэ, цІыхушхуэхэм я псалъэхэр, художественнэ тхыгъэхэм сызыщрихьэлІэ Іущыгъэхэр, тхыдэм ехьэлІауэ щхьэпэхэр истхэу.

*Епсэлъар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

Ди хьэщIэщым

# Гъуазджэр зи гупсэхугъуэ

***Пэублэу IэщIагъэ-щIэныгъэм и мыхьэнэм теухуауэ хъыбар гъэкIэщIа...***

***Пщы щауэ гуэрым и къэшэгъуэти, жи, нэхъ Iущ дыдэм, нэхъ дахэ дыдэм лъыхъуащ.***

***- Сыт уи IэщIагъэ? - къеупщIащ абы пщащэр.***

***- Пщыр IэщIагъэ хуэныкъуэ?! Сэ мылъкуу сиIэм си быным я быныжыр ирикъунущ, - дыхьэшхащ щIалэр.***

***- IэщIагъэ уимыIэмэ, сыбдэкIуэнукъым, - пигъэщхъащ бзылъхугъэм.***

***- Губзыгъэ къысхуэмыхъуа ар, IэщIагъэ уиIэкъым жиIэри, къызэщащ! - игъэзэжащ пщы пагэм.***

***- А, си щIалэ, мис ар нысэ схуэхъунт! - жиIащ, жи, Гуащэм ар къыщищIэм.***

***ЩIалэр зыщIэгупсысыкIыжри, дыщэ-дыжьыным ирилажьэу зригъэсэну мурад ищIащ. Илъэс нэхъ дэмыкIыу, пщым и IэкIэ ищIа хьэпшып хуигъэхьащ зылъыхъуауэ щыта пщащэм. Хъыджэбз Iущыр абы арэзы ирихъуати, пщым пIалъэ къритри, зэрышащ.***

***ЩIалэ цIыкIу зэдагъуэтауэ, а тIум хуэдэу фIыуэ зэрылъагъу уигъэлъыхъуэну, зэдэпсэурт. Зэгуэр пщыр зекIуэ ежьауэ и дзэр къызэтраукIэщ, езыр гъэру яубыдри, и хъыбар ямыщIэу илъэс тIощI кIуащ. Хамэ щIыпIэ къраша хьэпшыпхэм хэплъэу, пщым и псэгъум и нэм къыфIэнащ зы Iэлъын.***

***- Уи адэр дунейм тетыжыххэмэ, мы Iэлъыныр зыщIар аращ. Iэлъыныр зи IэдакъэщIэкIыр къэбгъуэтмэ, уи адэри къэбгъуэтынущ, - иригъэлъэгъуащ Iэлъыныр и къуэм.***

***Пщым и къуэр ежьэщ, дунеижьыр къызэхикIухьщ, и адэр къигъуэтыжри, къришэлIэжащ.***

***- Уэр мыхъуатэмэ, гъэрыпIэм сыщылIэжынут! Уэзрыдахэм хуэдэуи уIущщ, - жриIащ пщым и щхьэгъусэм...***

*ЦIыхум сыт хуэдиз мылъку бгъэдэлъами, пщэдей къэхъунур зыми ищIэркъым. МыкIуэдыжынури, сытым дежи пщIэ зиIэнури цIыхум и Iэм ищIэрщ, и IэщIагъэрщ, щIэныгъэрщ. Апхуэдэу, ижь-ижьыж лъандэрэ къекIуэкIхэм ящыщщ гъукIэр, дыщэкIыр. IT-технологием и зэман щIэщыгъуэм дыхэпсэукIми, апхуэдэ IэщIагъэхэм я пщIэр зэрымыкIуэдар гуапэ пщымыхъуу къанэркъым. Адыгэм ди куэдщ апхуэдэ IэщIагъэлIхэр. Абыхэм ящыщ зы фэдгъэцIыхуну ди гуапэщ.*

*Маргъущ Юрэ дыщэкIщ, нобэкIэ ди республикэм нэхъ къыщацIыху, зи IэдакъэщIэкIхэм щIэупщIэшхуэ иIэхэм хабжэ. ЩIалэр Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ Светловодскэ къуажэм къыщалъхуащ. 2007 гъэм курыт еджапIэр къиухри, КъБКъУ-м гъуазджэхэмрэ лъэпкъ IэщIагъэхэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Юрэ зэрыжиIэмкIэ, зэрыцIыкIурэ сурэт щIынымрэ пластилиным хьэпшып къыхэщIыкIынымрэ дахьэхырти, абыкIэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтт, япэ увыпIэхэри къыщихьырт.*

- КУРЫТ еджапIэр къызэрыдухрэ илъэситху дэкIыжауэ Iуэху сиIэу сыдыхьат школми, си IэдакъэщIэкIхэр тегъэувапIэм дахэ дыдэу тегъэзэгъауэ зэрахъумар щыслъэгъуам си гуапэ хъуат. Нэхъыжь классхэм сыщIэсу гупыж сщIат художественнэ еджапIэм сыщIэтIысхьэну. Мис абы сыщеджэу къызгурыIуащ си гъащIэр гъуазджэм зэреспхынур, ар IэщIагъэ зэрысщIынур. Къуажэ пхыдза сыдэсти, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэ щыIэу сщIэххэтэкъым. Лъэпкъ IэщIагъэхэмкIэ и къудамэр къысхуэзыгъуэтар си анэ дэлъху АфэщIагъуэ Хьэсенщ. Студент гъащIэр хьэлъэт. Щысхь ямыщIэу драгъаджэрт. Ари гурыIуэгъуэщ - мыр тхылъ уеджэрэ, зэбгъэщIам утепсэлъыхьыжым хуэдэкъым. IэкIэ улэжьэн хуейт, абы тхылъ еджэныр къыхэтыжу. Уеблэмэ жэщ ныкъуэ хъуху лъэщапIэм дыкъыщIэмыкIыу, курс лэжьыгъэр нэдгъэсу дыщыгува къэхъуащ. Къыздеджа псори IэщIагъэлI нэс хъуащ, щIэупщIэшхуэрэ пщIэрэ яIэу дыщэкI цIэрыIуэхэр къахэкIащ. Апхуэдиз лэжьыгъэр пщIэншэ хъуакъым.

**<u>- ЦIыхум и IэщIагъэр фIыуэ щилъагъум деж, ар абы и лъым хэтуращ. УнагъуэкIэ зыгуэрым удэплъеягъэнщ. Уи нэхъыжьхэм яхэта дыщэкI, Юрэ?</u>**

- Си лъым хэту жыпIэ хъунущ. Си адэм сурэт щIыныр къехъулIэрт, уеблэмэ Санкт-Петербург ирагъэблэгъат, ауэ ди анэшхуэм игъэкIуауэ щытакъым. Хуемыджами иримылэжьами, сурэт щIыныр IэщIыб ищIакъым. Аракъэ анэдэлъху жыхуаIэжыр?!

**<u>- КъызэрызгурыIуамкIэ, уэри сурэтым нэхъ ухуэIэзэщ...</u>**

- Пэжыр жыпIэмэ, сурэтыщI сыхъуну сыхъуапсэу университетым сыщIэтIысхьат. А еджапIэм пхъащIэхэр, гъукIэхэр, дыщэкIхэр щагъэхьэзыру, пкIыгъэм (чеканкэ) щыхуагъасэу сщIэххэтэкъым. Чеканкэр щIэщыгъуэ сщыхъущ, сыдихьэхри, абы зестыжат. Уеблэмэ диплом лэжьыгъэу дыщэджэд сщIат. Ар хуабжьу лэжьыгъэ гугъут икIи гъэщIэгъуэнт. ЕджапIэр къэзухщ, лэжьэн щIэздзэри, щIэупщIэ нэхъ зиIэр дыщэ-дыжьынхэкIхэр арауэ къыщIэкIащ. Апхуэдэу, зэрымыщIэкIэ, здэзунэтIам зезгъэхъуэжри, дыщэкI сыхъуащ. СыхущIегъуэжакъым. ЩIэупщIэшхуэ яIэщ лъэпкъ дамыгъэхэр зытедза хьэпшыпхэм, фэилъхьэгъуэхэм. Мыбдеж ущыуэнкIэ Iэмал иIэкъым, зы лъэпкъым дамыгъэ зыбжанэ щиIэ къохъу, къызытехъукIыжам теухуауэ. Ахэр зэхэбгъэщхьэхукIыфу щытыпхъэщ, езыхэм щамыщIэ къохъури. Апхуэдэу, лъэпкъ дамыгъэхэри щхьэхуимыту сджащ.

**<u>- ЕгъэджакIуэми куэд елъытащ, Юрэ. Уарэзы абыкIэ? КъахокI абыхэм уи дунейм зезыгъэхъуэж.</u>**

- Пэжщ. Дезыгъэджахэр псори зэчиифIэ, цIыху гъуэзэджэ защIэт. Студентыгъуэм сурэтымрэ живописымрэ икIыхьагъкIэ къыддекIуэкIащ. Сыту жыпIэмэ дыщэкIыр, пхъащIэр зэлэжьыну хьэпшыпым и сурэтыр ищIын хуейщ псом япэ. ИужьыIуэкIэ къызгурыIуэжащ абы сэбэпу пылъыр, ауэ сыщыстудентым апхуэдиз сурэтыр къысIэщIэужэгъуат. Абы и лъэныкъуэкIэ гугъу къыздехьащ ди егъэджакIуэу щыта Мэлбахъуэ Мадинэ. Тэмакъ кIыхьу къызэрытщхьэщытам папщIи фIыщIэ лей хуэсщIыну сыхуейт.

**<u>- Уэ езыр уегъэджакIуэщ иджыпсту. Ббгъэдэлъ IэщIагъэ-щIэныгъэм тепщIыхьмэ, гъэсакIуэ зиIэжхэм уахуэдэщ. Арами, уи нэгу щIэт псори утыку къыумыхьауэ къысщохъу, хущIыхьэгъуэ иIатэмэ, нэхъыбэжи хуэлэжьынут жысIэу, уи лэжьыгъэхэм сахоплъэ.</u>**

- Промышленность псынщIэмкIэ колледжым сыщолажьэ, дыщэм, дыжьыным зэрелэжьымкIэ изогъаджэ. ИкIи пэжщ а жыпIэр, сэ езым си IэщIагъэм хэзгъэхъуэнымкIэ, нэхъри зызужьынымкIэ а лэжьыгъэр зэран къысхуохъуж, си щхьэ Iуэху зесхуэжыну зэман къысхудэгъэкIыркъым. Дэ езыр студенту дыщыщытам ди егъэджакIуэхэм къарурэ зэману къыттрагъэкIуадэу щытар сощIэж. Абы дерс къыхэсхауэ щытын хуеящ. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр сфIэмыфIу щыткъым, студентхэри сигу пыкIыркъым, ауэ сэ езым адэкIэ зызужьын щхьэкIэ нэхъ лэжьыгъэшхуэхэр, гугъухэр сымыщIу хъунукъым. Си пIэм соуджыхь. Лъэпкъ Iуэхум зыгуэр хэслъхьэну, лъэужь гуэр къэзгъэнэну сохъуапсэ. Пасэрей адыгэм и тхыдэр, щэнхабзэр къызэраIуэтэжыр, къызэратIэщIыжыр къащIэна хьэпшыпхэмкIэщ. Апхуэдэ гуэркIэ тхыдэм сыкъыхэнэжыну сохъуапсэ.

**<u>- АтIэ, сыт хуэдэ мурадхэр уиIэ, сытым уи гур ета?</u>**

- ЗэрыжысIащи, си щIэныгъэм хэзгъэхъуэныр, си щхьэ Iуэху нэхъыбэу зесхуэжыныр япэ изгъэщыну сыхуейщ. Пасэрей дыщэкIхэр, гъукIэхэр я IэщIагъэм хуемыджами, яхузэфIэкIырти, ирилажьэу къэгъуэгурыкIуащ. Дэ абы дыхуеджащ, химием, физикэм, металлургием къитIэщIа щIэныгъэм зыщыдгъэгъуэзащ, гъущIым и щэху куэд, абы зэрелэжь IэмалыфIхэр къэтщIащ. Мис ахэр тегъэщIапIэ сщIыуэ, адыгэм ди Iэщэмрэ дыщэ-дыжьынхэкIхэмрэ дунейпсо утыку къисхьэну, ахэр адрей щIыналъэхэми къыщезгъэцIыхуну си мурадщ. Адыгэ къамэр, сэшхуэр, сэ лIэужьыгъуэхэр я щIыкIэ къудеймкIэ Кавказ псом къыщацIыхуу щытащ. Мис а лэжьыгъэм зезгъэIэтыжынут.

**<u>- ЦIыхур дыщэкIым деж щIэкIуэр зыми емыщхь гуэр мэлъыхъуэри аращ. И бынхэм къахуэнэжын гуэр, псалъэм папщIэ. Армыхъумэ, тыкуэным кIуэнти, щыщэхуэнт. Сыт хуэдэ хьэпшыпхэм нэхъ щIэупщIэ яIэ?</u>**

- Лэжьыгъэу сщIым и нэхъыбэр лъэпкъ дамыгъэхэр зытедза Iэлъынхэмрэ дыщэ-дыжьынхэкI хьэпшыпхэмрэщ. Ахэр псори социальнэ сетхэм щызиIэ си напэкIуэцIым къызогъэувэ, дамыгъэхэм къикIымрэ ахэр зей лъэпкъхэмрэ щIыгъуу. КIэщIу жыпIэмэ, фейдэ хэсхыныр нэхъыщхьэу згъэувыркъым. АтIэ, цIыхухэм а тыгъэхэмкIэ зыгуэркIэ сэбэп сахуэхъумэ, си гуапэу сыкъогъуэгурыкIуэ.



**<u>- НэгъуэщI зыгуэру улэжьэфынут, Юрэ, дыщэкIыу ущымытамэ?</u>**

- Лэжьыгъэ зыбжанэм зеспщытащ, сом нэхъыбэ къыпыкIыну пIэрэ жысIэурэ. Ауэ гъуазджэм си гум зэрызыдигъэпсэхур, абы гупсысэ дахэу къыдэушыр, ар фIы и лъэныкъуэкIэ къызэрысщхьэпэр псалъэкIэ къысхуэIуэтэнукъым. ЦIыхум и лэжьыгъэр фIыуэ имылъагъумэ абы егъэгуауэщхьэуэ, егъэнэщхъей, гукъыдэж къритыркъым, и гур пелъэсыкI. Сэ си псэм фIэфIым сролажьэри, щызужэгъуи сыщезэши зэи къэхъуркъым.

**<u>- Мис мыпхуэдэ IэщIагъэлIым ещхь сыхъуарэт жыпIэу, щапхъэ уиIэ?</u>**

- ЕджапIэ нэхъыщхьэр къыщызухам, IэщIагъэлI ехьэжьауэ, мы дунейм зыхэзмыщIыкIрэ схузэфIэмыкIынрэ щымыIэу зыкъысщыхъужырт. Ауэ КхъуэIуфэ Хьисэ къэсцIыхуа нэужь, IэщIагъэлIым бгъэдэлъын хуей зэфIэкIым и мащIэ фIэкIа зэрысхэмылъыр къызгурыIуэжат. КъищынэмыщIауэ, Алмэ Мусэ. Ар дуней псом къыщацIыху, пщIэ къыщыхуащI. НобэкIэ сэ щIынымкIэ аращ сызыдэплъейр. IэщIагъэлI лъэщхэр, зэчиифIэхэр куэдщ. Сэри сыздынэсамкIэ си гур зэгъауэ сыщымысу гъуазэ схуэхъуахэм сазэрылъэщIыхьэным яужь ситщ.

**<u>- Мыр схуэщIынукъым, къызогугъуэкI жыпIэу лэжьыгъэ къыщумыщта къэхъуа?</u>**

- Хьэуэ, апхуэдэ срихьэлIакъым. Ауэ, диным къызэригъэувымкIэ, цIыхухъум дыщэхэкI зэрихьэ хъунукъым, дыжьынщ къищтэр. Аращи, дыщэ Iэлъын схуэщI жиIэу цIыхухъу къакIуэмэ, лэжьыгъэр къасщтэркъым.

**<u>- Уи хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъуну, уи мурадхэр къыпхузэпищэну, уи IэщIагъэм цIэрыIуэ урихъуну ди гуапэщ, Юрэ.</u>**

- Тхьэр арэзы къыпхухъу! Гулъытэ къызэрысхуэфщIар си гуапэщ.

*Епсэлъар*
**ФЫРЭ Анфисэщ.**







Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэр зезыхьэ уэрам, 5,
ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.039
Заказ №1087